

MINAMATO YEMAZUVA ESE

CHINYORWA

4

Gumiguru-Mbudzi-Zvita

2023

# Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA



**MAHARA**

**KWETE KUTENGESWA**

IRI BHUKU RATO BHADHARIRWA  
NEVATAKABATANA NAVO SAKA  
RINO GONA KUGOVERWA MAHARA

SEMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAU DZAKANAKA** DZINO BVA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

*Uebert & BeBe*  
**ANGEL**



## UEBERT NA BEBE ANGEL

Uebert neBebe Angel, vashumiri veshoko raMwari vanenguva yakareba vachiita basa iri uye ndivo varikutungamirira mukufambisa shoko renyasha dza Mwari (Euaggelion) nechiporofita pasi rese. Pahuviri hwavo vakanyora mabhuku akaita mukurumbira anoverengera Spiritual Warfare, Intimacy, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, nemamwe Uebert ne BeBe Angel vashumiri vanokokwa kumisangano yakawanda pasi rese kuti vazoshumira nekudzidzisa uye vanokosheswa pamusoro pemuono wavo, nekushumira kwavo shoko raMwari vasingatye. Ndivo vakavamba Good News Church (Spirit Embassy) uye semaporofita vashandura hupenyu hwemamiriyoni akawanda evanhu pasi rese, pasi pechirongwa chavo chekutendeutsa vanhu, kuburikidza nekuunza kwavo chizaruro cheNhau Dzakanaka Dzenyasha Dza Mwari (Euaggelion).

**Johani 14:30****Muchinda wenyika unouya, asi haana chinhu kwandiri**

Mukereke Yedu yeSpirit Embassy, ker-  
eke ye Nhau Dzinonakidza, Mwari  
vakatipa rupawo rwatinozivikan-  
wa narwo rwepanyama rwezvati-  
nomiririra pamweya, rwatinodaidza  
tichiti rupawo rweNhau Dzinonakidza.  
Rupawo urwu harwusi rwemucheno  
chete asi kuti rwunoratidza mubatanid-  
zwa wedu wepamweya nekureme-  
kedzwa kwekudaidzwa kwakaitwa  
muPorofita kubasa raMwari, muono  
wekereke, uye nyasha dzaMwari dz-  
iri patiri. Kune nyasha dzinotevera vese  
vanenge vakapfeka rupawo urwu ne-  
kuti munyika yemweya rwunozivikan-  
wa.

Anokupa rupawo akakosha muhupenyu hwako. Bhaibheri rinotiyambi-  
ra kuti wakaipa chisikwa chinodya wese anofananidzwa naye. Anots-  
vaka chake chinomubatanidza nemunhu iyeye, zvomuitira nyore kuti  
amumedze. Asi kana ukatambira nhau dzenyasha, unobva wazvidzi-  
virira kubva kune wakaipa nekurwisa kwake kwese. Nyasha chete ndi-  
cho chombo chinokwanisa kurwisa wakaipa. Nyasha dzinokupa simba  
rekuramba chese chingade kukupa hukama newakaipa. Zvinyudze  
mushoko renyasha, wozviudza nekutenda kwakaperera kuti, "Wakaipa  
haana simba pamusoro pehupenyu hwangu!"

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Hupenyu hwangu hwakanyura munyasha. Saka wakaipa haa-  
na chake chiri pandiri, haana simba pamusoro pehupenyu  
hwangu, uye haana chake pandiri chaangashandise kuti  
andirwise nacho.**

## MAVHESI EKUVERENGA

Tito 2:11-12



**Mapisarema 118:17**

**Handingafi asi ndichararama, Ndi-  
chadudzira mabasa aJehovha.**

Nhau yekusada kuchembera yave nemakore akawanda iripo zvekutoti mazuva ano makambani anogadzira zvizorwa nemishonga yekuti vanhu vasachembere avanemukurumbira mukuru, uye ari kubudirira zvakananyanya. Mugore ra 2020 makambani aya anga akakosha mabhiriyonimakumi mashanu nesere, uye hapana chiratidzo chekuti basa rawo richadzikira, sezvo kuine tarisiro yekuti pachazosvika gore ra2027 anenge avekukosha mabhiriyonimakumi masere netatu nechidimbu \$83.2 billion. Vanhu vakawanda varikukoshesa kuti varambe vachitardzika vari vechidiki, zvinova ndizvo zvirikukonzera kuti bhizness rekugadzira zvinoit-

ta kuti vanhu vasachembere rive nemukurumbira mukuru.

Asika, chitubu chekugara usingachembere chirimo mukati mako! Hachina kuvanzwa muchigadzirwa, asi chinobva mushoko raMwari, iro rinokupa hupenyu. Pawakave kururama kwaMwari, wakabva wawana simba rekurarama usingachembere, uchigara uchizvivandudza, rinogara mauri. Chaunofanira kuita chete kugara pfungwa dzako dzichiziva chokwadi chi. Tenda kuti hauparare, wogara uine pfungwa dzacho wodzipfeka kunge hovhorosi, apa uchishandisa mashoko kuti asimbise hupenyu hwaMwari huri mauri. Ndinokukurudzira kuti uve nekutenda, wogamuchira kusachembera mukati memuviri wako!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakasunungurwa kubva muhusungwa hwerufu, uye hupenyu hwaMwari hunopedza kuparara mumuviri mangu. Ndirikutema chirevo chekuti handife, ndinorarama**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 15:53

**VaFiripi 2:4**

**Mumwe nomumwe ngaarege kutarira zvake asi ngaatarire zvavamwewo.**

Mazuva ano kushandiswa kwemichina yakavandudzwa kwawandisa zvekuti vanhu havasisina hany'a nevamwe, sezvo vave kuzvionera zvehupenyu hwavo, zvavekuita kuti rive dambudziko kutevedzera hupenyu hunodiwa naMwari hwekudanana. Zvinokonzera kufi vanhu vazvitarisire zvehupenyu hwavo vega vasina hany'a nevamwe zvakanwanda, kusanganisira masai sai esocial media. Vanhu varikuswera vachizvinetsa pamusoro pe wavan-gatevere kana kupa nguva yavo, uye kukoshesa pasocial media. Havasisina nguva yekuratidza rudo kunevamwe.

Asi semaKristu, tinokwanisa kumisa tsi-

ka dzavepo mazuva ano, kuburikidza nekuzvipira kurarama hupenyu hwakaroverwa pamuchinjikwa uye nekutevedzera mitemo yaMwari inoita kuti tigone kurarama hupenyu hwakadaro. Zvinoreva kurega kukoshesa chindini, tokoshesa kusimudzira hushe hwaMwari, nekubvumira kuti rudo rwaMwari matiri rwutitungamirire patinenge tave kugadzirisa matambudziko atinosangana nawo pakurarama. Kunyangwe nyika ichikurudzira chindini nekutevera zvepanyika zvinenge zvichitifadza, uye kuwanazvepanyama, tinofanirwa kusimbisa kudanana pakati pedu tisingatevedzere tsika dzirikuitwa mazuva ano. Zvingave zvinhu zvakana zvikuru kuti tirame hupenyu hwakaroverwa pamuchinjikwa hunopa taro kune vamwe, panguva yakadai, irikukosheswa chindini nevakanwanda!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirimuranda waShe. Rudo rwavo rwakakosha kudarika zvese zvandingaite. Sakandirikusiya chindini, ndotevedzera nekuita zvivo zvaMwari.**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 16:14

**Ruka 7:30**

**Asi vaFarise navadudziri vomurairo va-karamba kufunga kwaMwari pamusoro pavo, vakasabhabhatidzwa naye**

Wakambozvicherechedza here kuti kana pakaitika njodzi, Mwari ndivo vanotanga kupihwa mhosva yekukonzeresa zvinenge zvaitika? Kana munhu awirwa nedambudziko anototanga kuchema achiti, "Mwari matendereiko kuti zvakadai zviitike?" Asi semaKristu tinoziva kuti Mwari havana chinangwa chekutiranga, kana kutikaurisa; Shoko ravo rinotiudza zvavanodaMwari kuti zviitike kwatiri uye izvi hakusi kuti tive nematambudziko, Ndopaunoona munhu achiti paanowirwa nenjodzi, pfungwa dzake dzavhiringika arimukurwadziwa, achibvunza Mwari mibvunzo.

Zvinodiwa naMwari hazvina kuvanzika. Mwari vanoda kuti shoko ravo ritevedzerwe, uye mushoko iri, vanoratidza pachena kuti hakusi kuda kwavo kuti vanhu vaparare kana kutambudzika. Vanoda kuti munhu wese ararambe hupenyu hwakanaka hwekuwanzirwa zvinhu nemakomborero, kuburikidza naKristu. Asi zvinogona kuitika kuti munhu arambe kutevedzera kuita kuda kwaMwari. Mwari havamanikidze munhu kuti aite kuda kwavo, nekuti rudo rwo rwunokubvumira kuti uite kuda kwako. Saka kana ukaongorora shoko raMwari ukaona zvivo zvavo pamusoro pemararamiro aunofanirwa kuti uite, nzwisisa kuti hazvisi zvinhu zvinongoerekana zvaitika, kwete. Iwe unofanirwa kuratidzawo kuti unoda kuzvitevedzera, kuburikidza nekutora kwako matanho ekutevedzera zvaunenge watenda pazviri mushoko ravo. Mwari vanokudisisa zvekuti vanokubvumira kuti uite sarudzo yako. Ndirikukukurudzira kuti uvadewo, nekubvuma uchiti "Hongu!"

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Maziso angu akatarisa kuna Mwari. Ndine tariro muneremangwana rangu. Ndirikusimudzirwa chete kunyangwe zviite sei, uye hapana anokwanisa kundidonhedza!**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 Petro 3:9

**VaGaratiya 5:22**

**Zvino chibereko chomweya ndirwo rudo nomufaro norugare nomwoyo murefu, nomwoyo munyoro nokunaka, nokutendeka,**

Hatiwane mufaro waShe muzvinhu zvanyama kana zvinofadza nyama, Tinoziva semaKristu kuti mufaro wechokwadi unowanikwa kuburikidza nekushanda kwa Mweya waMwari matiri. Muimbi anoti kana arimuhuvepo hwaMwari ndipo panowana mufaro maari (Mapisarema 16:11). Mufaro uyu, hachisi chinhu chinongouya kwekanguvana zvobva zvapera kwete, asi kuti ndiwo magariro anowanikwa nemunhu anenge aine hukama naMwari, kuburikidza nekugara kwake achinamata nekuverenga shoko raMwari. Tinowana mufaro maari.

Mufaro waMwari unotismudzira, uye unoita kuti titarise zvirikuitika panzira yepachinhano chepamusoro, muna Kristu, icho chakakura zvokudarika zvingatitambudze muhupenyu. MuApostora Pawuro vanotiyechidza kuti "Fara munaShe nguva dzese." (VaFiri 4:4) Tinokurudzira kuti tigare tiine mufaro nguva dzose. Kana tikararama tiine mufaro matiri tinogona kugovana mufaro uyu nevamwe, topa tariro nekusimudzirana nevamwe, kwese kwatinenge tiri. Patinenge tichiwadzana tiri muhupenyu hwaMwari, uye tichibvumira kuti mufaro wavo uzare matiri, tinobva tabatidza mwenje mukati menyika izere nerima. Mugore rino rekuona Denga pane rino pasi, mufaro washe ngaukupe simba!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinemufaro waShe urikupfachukira mandiri! Hakuna dambudziko rinondikunda nekuti matambudziko ese ndakatoakurira kare. Kunetseka papfungwa, kukundikana, kana kuora mwoyo hazvisi zvinhu zvinotika pandiri nekuti ndinogara ndakazara nemufaro waShe. Hareruyah!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 Petro 1:8

**Jakobo 5:16**

**... Kukumbira kwomunhu wakarurama kune simba guru pakubata kwako.**

Munamato ndiwo musimbotti wechiKristu, nekuti minamato yako ndiyo inovhura hwaro hwehupenyu hwako. Unenge watononoka kana ukatanga kunamata wawirwa nedambudziko. Magwaro matsvene anotiyeuchidza kuti munamato unotipa simba rakanyanya. Simba iri hariwanikwe ipapo ipapo, asi rinoshanda mune remangwana rako. Apa tirikuti hatimirire kuti paitike dambudziko, kuti tinamate kwete, tinogara tanamata nechekare.

Unogona kugara wakafanonamata. Paunoramba uchinamata unenge uchiwedzera minamato iyi munyika yemweya. Kana ukafanonamata,

unenge usingagadzirire chete zvinhu zvichauya asi unenge uchiratidza kutenda kwako munaMwari. Unenge uchitotsidza kuvimba kwako nezviringwa zvaMwari pamusoro pehupenyu hwako, uye unenge uchivimba kuti Mweya Mutsvene waMwari ndiye anokubatsira pane zvese zvehupenyu hwako. Saka chifanonamata ugadzire mabhanga ako eminamato munyika yemweya ayo achakubatsira muneremangwana. Ramba kutanga zuva rinenge risina kutungamirirwa nemunyengerero. Minamato yaunenge wafanoita inokubatsira paunenge wavekusangana nematambudziko, nekuti unenge wakatsigirwa neparamende yedenga.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Hupenyu hwangu hwakavakirwa pamusimbotti weminamato. Vatumwa vangu vakafanoenda pamberi pangu. Hakuna dambudziko rinosvika pandiri ndisina kugadzirira, uye muvengu wangu wese achanyadziswa.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 18:31-42



**VaFiri 1:7**

**... Imi makagoverwa nyasha pamwe chete neni.**

Kune hurongwa hwemumakombuyuta hunobvumira avo vanenge vachihushandisa kuti vapote vachihushandisa pachena maringe nezvavanenge vachida kuti hurongwa uhwu huvaitire. Hurongwa uhwu hunogona kushandiswa nemunhu wese wese, uye hunogona kusimudzirwa nemunhu wese wese maringe nezvaanenge achida. Hurongwa uhwu hunogona zvakare kugadzirika uye kuvandudzwa kuti husimukire zvichienderana nezvinodiwa nemunhu kuti kombuyuta yake iite uye hapana rezenesi rinobhadharwa pakuhushandisa. Nemashoko mashoma hurongwa hwemakombuyuta uhwu hunobatsira vashandisi vemakombuyuta kuti vagone kuashandisa zvichienderana nezvinangwa zvavanenge vainazvo.

Hupenyu hwangu ndehwepachena, ndichireva kuti haufanirwe kuita seni ndakatangira pasina chinhu, ndikavaka hupenyu hwangu kusvika pandave izvezvi. Chaunofanirwa kuita bedzi kutevedzera maitiro andinoita zvinhu, mararamiro andinoita nezvandinoita. Pafunge sekudai kuti zvakadakunda kuita zvinosvika padenga remba. Kwauri kana wanditeedzera, dengarangu ngarive ipo paunotangira. Pese pandinosimukira newewo unobva wasimudzwawo. Saka ramba kumiswa pahupenyu hwaako. Shandisa mukana wenyasha dziri pandiri kuti usimudzire hupenyu hwaako pachena!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinorarama hupenyu hwakavandudzwa uye hwepamusoro uhwo hunobva munyasha. Hwakagadzirwa huchienderana nezvandinoda muhupenyu. Handimbofa ndakaita zvakashoreka nekuti pfungwa dzangu dzakagadzirira nguva dzese kuita hupenyu hwepamusoro!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 VaKorinde 11:1

**VaGaratiya 5:22**

**Zvino chibereko choMweya ndirwo rudo, nomufaro, norugare, nomwoyo murefu, nomwoyo munyoro, nokunaka, nokutendeka**

Ukaongorora zvinoitwa pamagariro ezvinhu unoona kuti kana imba ikagara kwenguva yakareba isingachengetwe inotanga kumera mahuswa uye mhuka netupuka zvotanga kugaramo. Mhuka dzaimborambidzwa kupinda mumba imomo nevaimbogaramo, dzinobva dzatoiita imba iyi yadzo. Mucherechedzo wandiri kupa uyu uri kuratidza kuti zvakakosha kuti munhu achengetedze chese chakasiywa kanakugadzirwa. Ndizvo zvimwe chete nemaunogara, unova muviri wako. Ukatadza kuchengetedza muviri wako, unobva watanga kukutonga.

Vazhinji vanofunga kuti kuchiva kunoreva nyaya dzepabonde chete, vasingazive kuti zvakakosha kuti fisaite makaro ezvekudya nekuti imwe mhando yeruchiva. MuApostora Pawuro vanoti vanouraya nyama yavo nguva dzose, zvichireva kuti vanoranga muviri wavo, pane-kutevedzera zvinenge zvichidiwa nemuviri wavo.

Newewo unogona kuranga muviri wako nekuramba kutevedzera zvaunenge uchida. Semuenzaniso unogona kumbomira kudya kwemaminitsi mashoma wakatarisa zvekudya zvako kunyangwe uine nzara. Zvaunenge waita wakamira izvi, zvinoita kuti urangarire kuti ndiwe unotonga nyama yako, uye zvinokubatsira kuti ugone kumborega kudya pane dzimwe nguva.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Zvandinoda kuita zvese panyama zvinotungamirirwa namweyamutsvene. Ndinosika nzvimbo yehuvepo hwedenga nenyika pamuviri wangu kuburikidza nekutonga kwandinoina zvinenge zvichidiwa nenyama yangu.**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 9:27

**Mateo 26:41**

**Rindai munyengetere kuti murege kupinda mukuedzwa, mweya unoda hawo asi nyama haina simba!"**

Mumakore akare vanhu vaizvichengetedza kubva kuhondo kuburikidza nemidhuri yavaivaka vakazvikomberedza kuitira kuti muvengi atadze kuvapindira. Izvo zvaichengetedza misha nepfuma yevagari venzvimbo kubva kuvavengi. Midhuri yaivakwa iyi yaiita kuti vagari venzvimbo iyi vazivane uye vabatane. Kunyangwe muneremazuva ano, midhuri inoshandiswa pakuchengetedza nzvimbo. Dzimwe nyika dzinoshandisa midhuri pakuchengetedza miganzu yadzo. Dzimwe nzvimbo dzemauto dzinemuchina yepamusoro, yedziviro kubva kune avo vanenge vachida kupinda panzvimbo idzi vasina mvumo.

Mwari vanoshandisawo midhuri yechengetedzo kuti vachengetedze zvinenge zvakakosha kwavari, sezvaunotawo iwe. Midhuri iyi inoda kuramba ichichengetedzwa kuitira kuti isimbe uye ishaye chinoiparadza. Iwe wakafanirwa kuti usimbise midhuri yekuchengetedzwa kwako kuburikidza nezvidhinha zvirimushoko raMwari, uye nekunyengetera. Semunhu akasarudzwa naMwari kuti uchengetedze mhuri, yako kuba sa kwako, kereke yako uye nenharaunda yako huvepo hwako hunochengetedza nzvimbo idzi kubva pakurwisa kwemuvengi, zvoita kuti kuda kwaMwari panzvimbo idzi kuzadzikise. Paunenge wakamira pamukana uchichengetedza nzvimbo, zvirongwa zvese zvemuvengi zvinoparadzwa, zvinoita kuti Mwari vakunde nguva dzese!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri mudhuri waMwari wechengetedzo. Ndirimudhuri wemoto unochengetedza mhuri yangu, bhizimusi rangu, kereke yangu, uye nenzvimbo yandinogara. Tinokunda zvisina kana kupokana!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Isaya 26:1

**1 Timoti 6:17**

**Raira vapfumi panyika yazvino kuti varege kuzvikudza kana kuvimba nepfuma isingagari asi naMwari unotipa zvose achiwanza kuti tifare nazvo.**

'Vara rekuti kushungurudza, rinotsanangura chiitiko chekuwadzisa mumwe nekukonzera mhirizhonga kune mumwe. Semuenzaniso kushungurudza panyama zvinoreva kurova, kunyadzisa, kurova nezvibhakera kana kushora munhu zvekuti anobva azviona asina maturo. Kushungurudza papfungwa kunosanganisira kunyadzisa munhu, kumutarisira pasi uye kusanganisiras chero chipi chiitiko chinaita kuti munhu asave nechiremerera. Kushungurudza pabonde kunosanganisira kumanikidza munhu kuti aite bonde asingade. Kushungurudza mune zvemari kusanganisira kunyima munhu anenge akakodzera kuwana mari yake mari iyi zvekumusiya avekutambudzika. Kushungurudza mupfungwa kunosanganisir kutyichidzira kana kuita zvinhu zvinokonzeresa kutya.

Tingati kushungurudza zvinoreva kuita zvinhu zvinokonzeresa kusagadzikana kwevamwe. Unenge uchishungurudza muviri wako kana usingachengetedze hutano hwako, uye kana uchigara uchifunganya nekugara uchitya pane kuti uverenge shoko ra Mwari nekuritevedzera. Unogona kushungurudza hupenyu hwako hwekunamata kuburikidza nekusagara uchizviita mazuva ese. Unoshungurudza mari yako zvakare kana usingaiite kuti ikugadzirire bhizimusi rinozukupira imwe mari. Shandisa mukana uno kuti umbofunga pamusoro pehupenyu hwako wozvibvunza kuti chii chausiri kunyatsoshandisa zvakanaka sezvaunofanirwa kuchiita muhupenyu hwako. Rangarira kuti Mwari vakakupa zvese zvaunofanira kunge uinazvo pane rino pasi kuti urame hupenyu hwakanaka hune zvese (2 Petro 1:3). Nyatsoshandisa zvese zvawakapihwa naMwari kuti urame hupenyu hwakazara!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, ndichanyatsoshandisa zvese zvakanaka zvandakapihwa naMwari.**

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, ndichanyatsoshandisa zvese zvakanaka zvandakapihwa naMwari.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 VaKorinde 10:23-31



## 2 Madzimambo 6:1

**Zvino vanakomana vava porofita vakati kuna Erisha, Tarira zvino patigere pamberi penyu paka manikana, hapatiringani.**

Wakambonzwa here zvinoitika kune rumwe rudzi rwehove inonzi koi iyo inokura kuenzana nenzvimbo yainenge yakachengeterwa? Ichokwadi! Zvisikwa izvi zvine simba rekukura zvichitevedza nzvimbo yazvinenge zvakaishwa. Rudzi rwehove urwu rwunoita kuti ikwanise kukura ichienzana nemainenge yakachengeterwa.

Semuenzaniso hove ye koi iyi ikaiswa munzvimbo diki, inodzoka yoitawo diki. Ikaiswa pakatambanuka, inogona kukura zvakananyanya ichienzanawo nenzvimbo yacho! Zvakati omei kuz-

vifunga kuti kahove kanogara munzvimbo diki kanokwanisa kukura zvakananyanya koita hove yakakurisisa kana kachinge kaiswa munzvimbo yakafaranuka. Kune maKristu anoramba akagara munzvimbo imwe chete inoita kuti atadze kukura. Kana tichida kukura tinofanirwa kuti tipote tichibuda munzvimbo dzatinenge tiri tosangana nezvimwewo zvinenge zvakasiyana nezvatinogara tichisangana nazvo.

Usabvumire kutya kuti kukutadzise kurarama hupenyu hwawakasikirwa naMwari kuti urame. Mwari wedu haana chinomumisa, saka newe haufanirwe kumiswa nechinhu! Tevedzera muenzaniso wandapa we hove yekoi iyo inokura kana yaiswa munzvimbo yakafaranuka ushandise zvipo zvako zvakaperera.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinoramba kuvanepfungwa shoma nekuti ndinotsigirwa naMwari vakuru. Ndirimuhombe!**

## MAVHESI EKUVERENGA

Ruka 5:4-5

**VaKorose 1:11**

**Muchisimbiswa nesimbarose nesimba rokubwinya kwake, muve nomwoyo murefu, nomufaro.**

Kune kuongororwa kunoitwa mashandiro emwoyo munyaya dzezvekurapwa kunonzi (EKG) uye pakuongororwa uku magetsi anoshandiswa kuti aone kuti mwoyo unenge uchipomba ropa zvakanaka here. Vara rinonzi 'Cardio' rakabva muvara rechiGiriki rinonzi "kardia," uye rinoreva "mwoyo," (ndipo panobva 'K' arimuEKG). KuongororaEKG kunowanzoitwa kana pachinge paine dambudziko rinenge riripo. Madhokotera anofara zvikuru kana achinge achitarisa achiona kuti ropa rako rinenge richipombwa zvakanaka, uye zvikasaitika izvi unenge watofa!

Hongu tinogona kushuvira kuti tive nehupenyu hunofamba huri mutserendende, asi chokwadi ndechekuti tinowanzosanganawo nezvinopokana nesu. Hakuna asingasangane nedambudziko muhupenyu hwake. Kana uine dambudziko zvinogona kukonzeresa kuti ugamuchire zvinenge zvichiitika panguva iyoyo. Asi mafambiro anenge achiita zvinhu muhupenyu aya ndiwo anoratidza kuti urikurarama sei. VaRoma 8:28, anoita kuti tirangarire kuti "zvinhu zvese zvinoshanda munezvakanaka kwatiri" –kusanganisira nematambudziko atinenge tichisangana nawo. Saka, panguva yekuomerwa enderera mberi uine tariro, yekuziva kuti Mwari vanenge vanewe mudambudziko raunenge uchisangana naro. Waniswa simba kubva kuna Mwari izvezvi! Haumbofa wakaparara. Ndirikutsidza kuti haumbofawakaneteswa nezita raJesu!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinokwanisa kusangana nechero chipi chinhu muhupenyu hwangu zvisina dambuziko kwandiri, nekuti ndine nyasha dzekugadzirisa chero ripi dambudziko rinenge randiwira. Kana pachinge paita dambudziko, handipererwe, nekuti Mwari vaneni. Mbiri!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 54:11-17

**Zvirevo 6:31**

**Asi kana akabatwa anofanira kudzosera zvava zvinomwe. Anofanira kuripa nefuma yose yeimba yake.**

Mugore ra2008, kambani ye Facebook yakabhadhariswa madhora mamiriyoni matanhatu nemashanu, mushure mekunge yamhan'arirwa nekambani inonzi ConnectU iyo yakange yavambwa mugore ra2004. ConnectU yaiiti mukuru wekambani ye Facebook vaZuckeberg pavakange varikuchikoro kuHarvard vakange vavimbisa kubatsira kambani iyi asi vakazoba pfungwa yebhizimusi rekambani iyi vakaiita yavo, kuburikidza nekuvamba kwavakazoita Facebook. Kuba kunogona kukonzeresa kubhadhariswa mari yakawanda.

Saka kana paine chausina muhupenyu hwako chaunofanirwa kunge uinacho ibva watoziva kuti mbavha yacho ndisatani. Nhau dzakanaka ndedzekuti anofanirwa kukudzosera zvese. Ukangoziva chete kuti satani anoita mabasa akashata sei. Unogona kumuudza kuti akudzosere zvese zvaanenge akakubira uye anodzosa zvabereka, otokupa. Saka pane kuti uende kuna Mwari uchida zvakabiwa naSatani iwe nanga kuna Satani, muridzi wenyaya okupa zvese zvako. Wakaipa akakubira zvakawanda, uye anofanira kukubhadhara. Haana imwe sarudzo, asi kukudzosera chete!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Zvese zvakabiwa nemuvengi kubva muhupenyu hwangu anozvidzosere kakapetwa kanomwe. Satani ndidzosere hutano hwangu, mhuri yangu, kugarisana kwangu nevamwe nemari yangu yese izvezvi!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Johani 10:10

**Johani 10:28**

**Ndinovapa hupenyu husingaperi, haangafi, nokusingaperi, uye hakuna munhu ungavabvuta muruwoko rwangu.**

Nyanzvi dzezveruzivo rwescience dzakaongorora dzikaona kuti, munhu uya anokara zvekudya, kana achinge aodzwa mwoyo, anofadza kudya. Mwoyo wakaputsika unokonzera kuti munhu ashaye hanya nezvekudya zvekutoti muviri wemunhu akadaro unenge wave kukongoraramawo zvenyasha. Anenge aripanguva yekushungurudzika zvakananyanya, saka tsinga dzemumuviri dzekuzvinzwira tsitsi ndidzo dzinenge dzave kushanda zvakananyanya, izvo zvinopedza nzara yezvekudya maari. Kuryangwe zvazvo kuodzwa mwoyo kuchikonzeresa kuti munhu aonde, chinhu chinokwanisa kuti chisaitike muhupenyu.

Ukaongorora vhesi redu ranhasi unona kuti shoko raMwari ririkuti avo vakazarwa patsva vakachengetedzwa muruoko rwashe zvekuti hapana anogona kuvabvuta kubva mumaoko avo. Saka kana uchigara muchanza cha-Jehovha, ndiyaniko anogona kuputsa mweya wako? Zvinoreva kuti ukaisa mweya wako mumaoko asiriwo ndipo chete panokwanisa kuti mumwewo munhu akwanise kukuputsa mweya wako. Kurwadziswa muhupenyu kunoitika chete kana uchingobvumira kuti chero upi munhu apinde muhupenyu hwako asina kana kumbogogodza. Ingawani kana Ishe Jesu pachavo vanombomira pamukova wemwoyo wako vachigogodza usati wavabvumira kuti vapinde. Unoda here kuti usarwadzise muhupenyu hwako? Chekutanga iva nechokwadi chekuti uyo arikugogodza pamusuwo wehupenyu hwako, anogara munzvimbo imwe chete neyangere, munova mumaoko aMwari. Chechipiri, kana Jesu avemumwoyo mako, uvhurire chete kune avo vanobvumirwa naJesu kuti vapindemo.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinogona kusarwadziswa muhupenyu hwangu nekuti Ishe ndivo vanochengetedza nekuumbiridza mwoyo wangu. Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Zvakazarurwa 3:20



**Isaya 1:18**

**Chiuyai zvino titaurirane ndizvo zvinotaura Jehovha, kunyangwe zvivi zvenyu zvakaifa somucheka mutsvuku, zvichachena se/hando, kungangwe zviri zvishava somuti mushava zvichaita samakushe amakwai**

Hakuna chinganzi chinoshamisa pamusoro pechirongwa chaMwari chekurumisa vanhu senzira yekuvadzosa kwavari. Unogona kunge wakaverenga pamusoro pekukosha kwawakaita kuna Mwari zvekuti vakaverenga huwandu hwevhudzi riri mumusoro mako, kwete kuverenga chete asi kuti vanoriziva rese uye kuti vakariisa manhamba, Ruka 12:7. Saka kana tavekutaura pamusoro penhau yekutendeuka, ziva kuti Mwari vakaita zvese zvinofanira kuti zviitwe kuti vanhu vose vatendeuke.

Vhesi redu ranhasi riri kutaura pamusoro pezvitadzo, asi ukanyatsoongorora unoona paine chimwe chinhu chinoshamisa.

Mwari vakanyatsotsanangura mavara ezvivi zvinoitwa nevanhu vakazvidaidza sekuti, kutsvuka, urwo rwunova ruvara rwakafanana neropa, izvo zvinaita kuti ruvara urwo rwunyatsooneka. Izvi zvakaaitirwa chikonzero chekuti Mwari vanoregerera chinhu chese chinenge chakafugidzwa neropa raJesu. Saka semaKristu ngatigarei tichiziva kuti hatina mhosva yatinopomera; hakuna anokwanisa kutiudza kuti tirivatadzi uye hatina watinogona kupomera mhosva iyi. Takasunungurwa, takaregererwa uye tinodiwa naMwari venyasha. Mwari ava vanoshamisa!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Nyasha dzakandiwana. Saka ndinoramba kuva nehunhu hwaSatani, mupomeri wemhosva. Zvitadzo zvangu zvakadzimwa uye ndakasunungurwa kubva kuzvitadzo zvangu zvese. Hakuna munhu anekodzera yekundipomera zvakadaita kare, uye wese anondipomera mhosva achanzi munyepi mukuru.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Ekisodho 12:13; Johani 8:1-11

**Habhakuki 1:13**

**Imi muna meso akaisvonaka, asingadi kutarira zvakaipa, musingadi kuona zvisakarurama, munotarireiko vanonyengera, muchinyarara kana akashata achimedza akamupfuura nokururama?**

Chivhitivhiti mudziyo waanemakore akawanda uchishandiswa nemabhiri-yoni evanhu pasi rese senzira yavanotandara nayo vachiona nhau kana mitambo nezvimwe zvekuzvifadza nazvo. Chivhitivhiti chirikugara chichivandudzwa zvichienderana nenguva asi hapana ongororo yakadzama irikuitwa pamusoro pezvinokonzerva nekuona zvirongwa zvinobuda pachivhitivhiti. Chivhitivhiti chinoshandura mafungiro atinoita nezvatinozoita. Sekudaidzwa kwachinoita kuti Television chinoita sezita racho kuti taura zvawaona. Haa-

si masanga zvakare kuti zvirongwa zvinobuda zvinoshandura mafungiro edu nekuti ndiro basa racho.

Hupenyu hwekurovererwa pamuchinjikwa ndehwevese varikuda kuita basa raMwari nemwoyo yavo yese. Havasikuda kuti hupenyu hwavo, pfunga dzavo chero chipi chehupenyu hwavo chinge chichiva nechekuita nezvimwe zvinhu zvisinei nekuda kwaMwari. Muimbi akati Handiise chakaipa, chinonyangadza, chisinahunhu kana maturo kana chinoparadza pamberi pameso angu. Rangarira kuti Mwari varikurarama hupenyu hwako mauri. Saka zvakakosha kuti uzvibunze kuti zvaunenge uchiona zvinodiwa here naMwari. Mweya upi unenge uchinakidzwa nezvaunenge uchiona? Bvisa meso ako kubva kune zvakaipa, wotanga kutarisa zvinhu zvinodiwa naMwari, zvinofadza kuona.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Maziso angu matsvene zvekuti handidi kunakidzwa nezvinhu zvakan'ora zvisina maturo. Ndinochenesa maziso angu kuti ashandiswe naJehovha. Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mapisarema 101:3

**Isaya 54:13**

**Navana vako vachadzidziswa naJehovha uye ruchava rukuru rugare rwavana vako!**

Mufungo wokuvamba bhizimusi unogona kunakidza kana kutyisa. Vanhu vakawanda vanoda kuita mabhizimusi asi pane chinhu chimwe chete chinovakanganisa vorega kuenderera mberipfungwa iyi inogona kuvapa mukana wokuvamba kambani inobudirira, nekuti vanenge vachitya. Vanenge vachitya kukundikana uye vanenge vasingazive zvinozoitika mune remangwana, kana kutya kurasikirwa nemari. Kune vamwewo kutya kwacho kwakatonyanisisa, zvekuti havana matanho avanombotora ekuita chero chipi chine chekuita nezvemabhizimusi. Kutya ndicho chinhu chikuru chinoita kuti vanhu vakawanda vatadze ku-

vamba mabhizimusi avo.

Rega ndikubvunze mubvunzo wekuti urikurasikirwa zvakadii nekutadza kwako kuzadzikisa zviroti zvako? Urikurasikirwa zvakadii zvakare nekugarira pfungwa dzako usingaite zvaunofanirwa kuita muhupenyu hwako? Chii chawaikwanisa kuita zviru kunzi unenge usingakundikane? Imwe nzira inobatsira kuti usakundikane mune zvemabhizimusi, kuva nemunhu anokudzidzisa, uye mudzidzisi mukuru waungakumbire kuti akudzidzise ndiMwari pachavo! Mugore rino rekuita mari yakawanda, Mwari varikukuvimbisa kuti kana ukavamba bhizimusi, rinobudirira. Ndi cho chivimbiso chandiri kukupa. Hauzikuzokundikana!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Chisingabvumirwe kudenga, hachibvumirwe kuvapomuhupenyu hwangu. Saka handikundikane! Bhizimusi rangu rirukozobudirira chete, uye ndiro richava nzira yekupa mari kuhushe hwedenga. MARI IRIKUUYA!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Isaya 30:21



### 1 VaKorinde 12:12

**Nokuti somuviri uri mumwe, unemitezo mizhinji nemitezo yose yomuviri kunyangwe irimizhinji muvirindomumwe chete, wakadarowo Kristu.**

Nhengo yese yemuviri, inebasa rainoita, hazvinei kuti mutezo wacho unenge uri mudiki zvakaite sei, unenge uine basa guru raunenge uchiita. Mutezo wese unebasa rekuita kuti muviri ushande zvakanaka. Semuenzaniso kachigunwe kadiki kanogona kunzi ndiyo nhengo diki pamuviri wemunhu, uye ndiyo ine hutera hwakanyanya. Asi kana munhu asina kachigunwe ikaka, muviri wake haushande zvakanaka.

Shoko raMwari rinoti tiri mitezo yemuviri mumwe chete unova muviri waKristu. Mumwe nemumwe wedu anebasa

rekuita kuti muviri ushande zvakanaka. Zviri nyore kutanga kuzvienzanisa nevamwe nekunzwa usina kukwana nekuti unenge usina matarenda kana zvipo zvakananana nezvinenge zviine vaunenge uchizvienzanisa navo. Asi Mwari vakakusika nenzira yakasanangurika, inoita kuti ushandewo muhushe hwavo. Unogona kunge uchiita basa raMwari usina chinzvimbo chinoita kuti uonekere, asi zvinenge zvisingarevekuti basa raunenge uchiita rinenge risina kukosha. Saka usazvitarisire pasi ndapota. Wona kukosha kwezvauri kuita, wonyatsoita basa iri nemazvo uye nemwoyo wako wese.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Mugore rino rehupenyu hwedenga pane rinopasi, ndirikuzozvivandudza ndichishanda zvakare nesimba! Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 10:12



### Genesisi 1:3-4

**Mwari akati chiyedza ngachivepo, chiyedza chikavapo. Mwari akaona kuti chakanaka: Mwari akaparadzanisa chiyedza nerima.**

Vara rekuti 'wakaipa' harisi zita kwete. Rinotsanangura basa rinoitwa nemweya wetsvina uyo anoendera mberi achita miyedzo yese yekukunda kusvikira akunda. Wakaipa haazorore anoramba achii-ta miyedzo yese yekuti akunde. Wakaipa haanete anoramba achiyedza sezvo chiri ndicho chombo chake chinoita kuti akunde, saka anoramba achikupa mifungo yakaipa. Chinangwa chake chinenge chiri chekukunetesa kusvikira wave kutaura mashoko ekuti uzviparadze nawo. Anoziva kuti iwe ndiwe unesimba pamuro-mo pako.

Unoona, wakagadzirwa nemufananidzo waMwari avo vanotaura zvinhu zvoitika

sekutaura kwavanenge vaita – kwete mangwana asi ipapo ipapo! Tinoona Mwari ava vachipatsanura chiyedza kubva murima, asi hatione mubhaibheri muine vhesi rinotaura pamusoro pekusikwa kwe rima. Ko sei zvakadaro? Mwari vaiziva kuti pavakangoti, "ngakuve nechiyedza," zvakabva zvangoifika. Saka vakatarira zvakare vakarayira kuti chiyedza ichi chipenye kubva murima zvikava saizvozvo!

Wakaipa anoda kuti ufunge kuti mamiriro ezvinhu muhupenyu hwako haagadzirisike. Aya manyepo! Chiyedza chako chiriko. Chidaidze maringe nemashoko aunotaura. Kana uchinge uine marwadzo mumuviri wako, temachirevo chekuti ari mandiri mukuru! Kana mubhanga mako mave nemari shoma daidzira uti MARI IRI KUUYA! Taura shoko, raira kuti chiyedza chibude murima!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Shoko riri mumuromo mangu rinondibuditsa muchero dambudziko ringandiwire. Ndine hutano hwakanaka, uye ndirikusimukira muhupenyu nezita guru raJesun!**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 4:6



### Mapisarema 119:147

**Ndakatangira mambakwedza ndikadana Ndakatarira mashoko enyu.**

Kana uchida hako kumuka hauna chikonzero chekuti ushandise chiringazuva kuti chikumutse. Unogona kusatenda zvandiri kutaura asi mweya wako unogona kukuchengetedzera nguva zvekukumutsa panguva yaunofanira kumuka. Chimbozvedza uone. Unotoona uchitokwanisa kumukakuchitosara mamwe maminitsi ekuita zvimwe zvinhu. Vamwe vajaira kumutswa nezviringazuva izvo zvavanoramba vachichinja kuitira kuti vawedzere mamwe maminitsi ekurara, pavanomutswa. Asi, kana kuri kunzi urikuenda kubasa unoona kuti panongorira chiringazuva unobva wamuka womhanyira kubasa. Nei zvichidaro? Nekuti unenge uchiziva kuti ukanonoka kubasa unodzingwa.

Ko kana yave nguva yekunyangetera, chii chinoitika? Apa panenge pasina chiringazuva. Mwari ndivo vanenge vachitungamirira vachida kuti tidzikise gejo rekunyangetera. Zvinogona kuita kunge zvinokukanganisa asi zvinenge zvakakosha kuti unyengetere. Avo vakamboita minamoto yakadzama, vanoziwa kunaka kwazo kuti minyengetero yakadai iitwe, zvinhu zvese zvichiiswa mumaoko aMwari, kusanganisira nenguva. Patinozvimanikidzira kuti tinengetere kunyangwe tisingade, tinengetichitozvisimbisa kuti tigare fichinyengetera tichitakura mitoro yaShe. Vimba neni, hakuna mubhadharo unoenderana neunoitwa naMwari kana uchinyengetera pamusoro pebasa ravo. Saka chimbosiyana nekuisa yeuchidzo yekuti umuke unamate pachiringazuva chako, wonamata pese paunenge wanzi namata naMwari. Muri-po waMwari webasa iri wakakura kudarika wekutambiriswa mari!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinotema chirevo ndichiti pandiri kunyengetera ndakamira pamukana ndinenge ndichibvuma kuita basa raMwari rektakura mutoro wekunyengetera.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 119:147-148

**Zvirevo 14:15**

**Asina mano anofenda mashoko ese; asi akangwara anongwarira mafambiro ake.**

Usabvume kutsiurwa nemunhu wausingabvume kuti akuudze zvekuita. Zvakare usatende chivimbiso kana kuti chiporofita chehupfumi kubva kumunhu asinazvo. Munhu anazvo ndiye anogona kuporofita zvinhu zvichiitika. Unofanirwa kuona humboo hwekuti maari munhu uyu mune shoko rinezviratidzo, asati akupa mazano ezvekuita. Chikonzero chekuti muchiKristu muve nemaProfita ekunyepa akawanda inhu yekuti maKristu ndiwo arikubvuma kuprofitwa nemaprofita enhema. MaKristu akaenderera mberi achitenda zvinenge zvichitaurwa nemaProfita aya, anoramba achiwanda!

Unobvumira here kuti vanhu vasirivo vakuudze zvekuita? Ndirikukuyambira kuti uongorore kuti ndiyani waunobvumira kuti atae pamusoro pezvehupenyu hwako. Haudi chiporofita; unoda shoko raMwari kuti rikutungamirire. Zvirevo 13:20 inotidzidzisa kuti kana tikafamba nevanehuchenjeri, nesuwo tinochenjera; asi tikafambidzana nemapenzi, chokwadi tinowira mumatambudziko. SemaKristu tinofanirwa kutungamirirwa neshoko raMwari. Hakuna rimwe izwi rinofanirwa kutaura kudarika izwi raMwari muhupenyu hwedu. Kutinyatsonzwa zvinenge zvichitaurwa naMwari, tora bhaibheri rako wotanga kuverenga!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndagadzirira zvino, ndichitungamirirwa nezhoko rehuchenjeri ririmushoko raMwari. Ndinobudirira! Hupenyu hwangu hurikubva pane chimwe chihano chekubwinya, huchienda pane kumwe. Uye handina anondinyepera!**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 Petro 1:19-21

**Zvirevo 11:30**

**Zvibereko zvwakarurama muti womu-penyu; unobata mweya yavanhu ndi-ye wakachenjera.**

Chinhu chirikutadzisa kuparidzwa kweshoko raMwari haisi nyaya yekutya, kana yekusagadzirira asikuti vanhu vanofunga kuti ibasa rakaoma kuita. MaKristu akawanda akanzwa vara rekuti 'kuhwina' vanobva vafunga kuti kune zvimhingamupinyi zvakanwanda zvinosanganikwa nazvo kana uchi-paridza. Basa rekutendeutsa vanhu kuti vatambire Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu harina kuoma sezvinofungwa nevakanwanda.

Shoko raMwari rinoti, "Uyo anotendeutsa vanhu anehuchenjeri." Vara rekuti 'kuhwina' rinogona kureva 'kunotor-

ra.' Chakakosha apa 'kutora'. Saka Ishe vakati, "ndikumbire, ndinokupa nyika dzakanwanda," vanenge vachitopa zvakanwanda, pane kuti ufunge kuti kune zvimhingamupinyi zvakanwanda pakutendeutsa vanhu. Chaunofanirwa kuita kutanga wanamata kuitira kuti ubudirire. Munhu wese anoparidza akapihwa simba rekutendeutsa vanhu kuti vatambire Kristu. Zvirinyore kuti unhonge zvakawanganidzirwa kare nalshe. Mwari vakatoita basa kare. Iwe chako kungoshandisa mukana wegoho rakatogadzirwa kare naShe. Ukatenda kuti kutendeutsa vanhu ibasa rakareruka, zvinokupa manyukunyuku ekuita basa iri. Saka enderera mberi uchizviudza kuti kutendeutsa vanhu ibasa rakareruka, wochozitanga kuita basa racho!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinoramba kupinda kudenga ndisina zvakanyorwa pamusoro pangu nezve vanhu vandakayendeutsa. Ndine simba rekutendeutsa nyika dzakanwanda! Kutendeutsa vanhu kwakareruka!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa AvaPostori 1:8; Mapisarema 2:8



**1 Timoti 4:15**

**Shingairira zvinhu izvi uzviite nomwoyo wose, kuti kupfuurira mberi kwako kuonekwe navanhu wose.**

Kambani yeApple inosimudzira mhando yenhare yayo yeiPhone gore negore ichi-isa tumwe twudobi tweekuti nhare dzayo dzifambirane nenguva uye kuti isasaririre pakusimudzirwa kunenge kuchiitika muchikamu chezvemasai sai nemichina. Kusimudzirwa kwemafoni aya kunenge kuine chinangwa zvakare chekufadza zvido zvevatengi nevanoshandisa mafoni ekambani iyi. Kambani yeApple ine chinangwa zvakare chekuramba iri ndiyo yepamusoro kudarika mamwe makambani anokwikwidzana nayo mubhizimusi iri. Saka inoramba ichivandudza nekusimudzira mafoni ayo nguva ne nguva, uye vatengi vemafoni aya vanogarawo vakarindira kuburwa kwemafoni matsva.

Shoko raMwari rinosimudzira nekutivandudza nenzira yakasanangurika uye yepamusoro kudarika zvinoitwa nekambani ye Apple. Shoko raMwari rinogara richishanda, nekusimudzira hupenyu hwako. Unwana zvepamweya zvinenge zvichangoburwa nedenga, izvo zvinoita kuti kutenda kwako kusimbe. Shoko raMwari rinogadzirisa zvese zvinodikanwa muhupenyu hwako, rinokutungamirira rokuwanisa ruzivo maringe nezvaunenge wasangana nazvo. Shoko rinogadzirisa zvese zvinonetsa muhupenyu hwako. Shoko raMwari rinokusimudzira nekukuvandudza, zvichisimudzirawo hupenyu hwako zvokonzeresawo kuwedzerwa kwemari yako. Paunenge uchiverenga nekunzwisisa chokwadi pamusoro peshoko raMwari unokwidziridzwa munyika yemweya, zvoshandura maitiro aunaita zvinhu, wona maitiro awaimboita zvinhu ahanduka, nehunhu hwako hwashanduka.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Shoko raMwari rirkusimudzira hupenyu hwangu, uye ndirikusimukira pazvese!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 Timoti 3:16-17

**2 Timoti 4:5**

**Asi iwe svinura pazvinhu zvose, tambudzika bata basa romuvhangeri upedzise basa rako kwazvo.**

Zvakakosha kuti uzive basa rawakadaidzirwa kuti uite naMwari semuKristu nekuti chikamu chakakosha cherwendu rwako rwekutenda. Kutsvakurudza pamusoro pekudanwa kwako kunokonzeresa kunetseka kwakakurisisa uye unogona kuto sviba mwoyo nazo, asi zvakakosha kuti uzive kuti Mwari vanehurongwa hwakanangurwa pamusoro pehupenyu hwako. Kutu uzozivira kuti wakadaidzirwei kunoda kugona kumirira nekuzvipira kunzwa izwi raMwari. Pamwe pachu zvinotoda kutora matanho akaomarara ekubva kana munzvimbo yangere zvakanaka asi zvaunowana wabva mukurwadziwa zvakakosha. Pauri kutsvaga basa rako muna Kristu. Paurikun-

zvera nyaya iyi ndichambokuudza imwe yenzira dzaungashandise kuti uzive nekukurumidza zvawakadaidzirwa.

Muna 2 Timoti 4:5, Pawuro anokurudzira mukomana wechidiki Timoti kuti aite basa rechivhangeri." Anobva ati, "wozadzikisa basa rawakadaidzirwa." Kana ukaverenga vhesi iri unofunga kuti Timoti akanga akadaidzirwa kuti ave muvhangeri, asi hazvisirizvo. Rega nditsanangure nzira iya yandambotaura nezvayo. Paunenge uchitsvaga kuti wakadaidzirwei, basa raunowana rekuita raMwari rite, uye rite nemazvo! Ongorora pauri uone zvinoda kuitwa wobva watotanga kuita basa racho. Pauri kuzadzikisa zvinenge zvichidiwa kuti zviitwe mukereke, Mwari vanotoita kuti upinde panzvimbo panezvavakakudaidzira kuti uite. Saka rega hako kufunganya, uchimhanya mhanya nekutsvaga kuti wakadaidzirwei. Ita basa raMwari, zvawakadaidzirwa kuti uite zvinonyuka wavemo!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Mabasa emaoko angu akaropafadzwa! Ndakakosha. Pane zvese zvinenge zvhiitwa naMwari hapana chavanoita ndisingazive! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Muparidzi 9:10; VaKorose 3:23-24

**VaEfesu 1:6**

**Kuti kunaka kukuru kwenyasha dzake dzaakangotipa hake mudikanwa wake, kurumbidzwe.**

Kutsvaga kuti unzi wagona nguva dzese kunoita kuti utsvage vanhu vanokupembedza nguva yese yaunenge waita chinhu, zvoita kuti ufare nezvaunenge waudzwa. Unogona kupa kupembedza nevamwe, unogona kusatevedza zvinodiwa neshoko uchida kufadza vanhu, kana kupota uchitumira mifananidzo yako pasocial media kuti vanhu vakupembedze. Kupa kupembedzwa nevanhu kunokanganisa kuti uzive zvido zvaMwari pamusoro pako, sezvo uchizogona kuita zvinhu zvaunofunga kuti ndizvo zvinofadza vanenge vachikuona asi zvaunenge uchiita izvi zvichikanganisa mitemo

nemirayiro yaMwari.

MaKristu akawanda anoda kupembedzwa, asi idambudziko rinogona kupera. Unogona kusaita zvinodiwa nevanhu wasarudza kumira neshoko raMwari nezvavanoda kuti uite. Izvi zvinokubatsira kuti udambure makashu anenge akakusungira ekuda kupembedzwa nevanhu. Ko izvi unozviita sei? Unotangira pakuziva kuti kukosha kwako kunobva kuna Mwari. Mwari vakaisa nyasha dzavo mauri vakakutambira muna Kristu. Koshesa zvinodiwa naMwari pamusoro pezvese, worega kuita zvinofadza vanhu. Rangarira kuti Mwari vanokuda wakadaro, uye zvaunofunga pamusoro pako chete ndizvo zvinebasa!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinodiwa uye ndakatambirwa naMwari. Mandiri muna Kristu ndakanyatsozadziswa uye ndinogoneswa. Handitevedzere zvinodiwa nevanhu kana zvaunofunga, nekuti Mwari ndivo vanobvumirana nezvandinoita!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 1:4-5; VaHeberu 13:5-6

**Zvirevo 29:2**

**Kana vakarurama vowanda vanhu vanofara; Asi kana munhu wakaipa achibata hushe vanhu vanogomera.**

Kune mumwe mambo akashandisa bhiri-yoni nemamiriyoni matanhato nemaviri emadhora achivaka dzimba nekupa nzvimbo dzekugara kuvanhu vemunyika yake, mugore ra2022. Vanhu vanotambira mari shoma munyika iyi, vakapihwa nzvimbo dzekugara pachena, vamwe vakapihwa dzimba nezvikwereti zvakange zvisina kamhuru pamusoro, uye zvikwereti izvi zvaizodzoserwa kwapera makore makumi maviri nematanhato. Vainyanyokosheswa muchirongwa ichi, inherera, shirikadzi nevakwegura, nevamwewo vanotambudzika. Chii chakaita kuti zvinhu zvakadai zvikwanise kuitika? Mhinduro yacho inyore: zvinotangira pakukudzwa. Ndirikureva kuti kanamambo

akakudzwa, hushe hwake hunobudirira uye vagary vemunyika yake vanowaniswa zvakanaka kuburikidza nemwoyo wamambo wekupa.

Ndizvo zvimwe chete zvinoitika muwanano. Munhurume wese anamambo nebenzi mukati make. Uyo waunokurudzira ndiye waunoona hunhu hwake huchibuda mumurume wako. Mudzimai wese akapihwa nyasha dzekushongedza murume wake korona. Uyo anoshongedza murume wake korona yerukudzo achimubata samambo, anowanawo murume wake achiita hunhu hwamambo. Kana madzimambo achikudzwa anoitira vanhu vawo zvinhu zvakana. Gara uine pfungwa yekuti vanhurume vanoona kuremekedzwa chiri chiratidzo chekuti vanodiwa. Saka kana uchida kugara muwanano yako uchifara uchidiwa nemurume wako, mupe rukudzo samambo uye nechiremerera.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikutema chirevo chekuti wanano dzakagadzirwa naMwari. Mugore rino rekuona denga pane rino pasi, ndichagara murunyararo, ndiine mufaro ndisina zvinonditambudza muhukama hwangu nemhuri yangu nevamwe. Imba yangu indzvimbo yerudo nerunyararo nezita guru ra Jesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 3:1-6

**Marko 11:23**

**Zvirokwazvo ndinoti kwamuri; mumwe nomumwe anoti kugomo iri “Simudzwa ukandwe mugungwa asinganyunyuti mumwoyo make asi achitenda kuti zvaanorave zvichaitika, achava nazvo”**

SemaKristu tinoona kukosha kwakaita kutenda, uye nekuva netariro muhupenyu hwedu. Asi hapana anonyatsonzwisisa musiyano uripakati pekuva nerutendo nekuvanetariro, kana kuti zvinoshanda sei pakuwana kwedu zvatininge tichida kubva kuna Mwari. Tariro yakakosha asi haisiriyo inoita kuti tiwane zvatininge tichida. Tariro ndiyo inotanga kuvapo asi kutenda ndiko kunotipa zvatininge tichida.

Ongorora kuti vhesi rati, “gomo lri” – zvichireva kuti harisi gomo chete asi kuti igomo rinofanirwa kudaidzwa sezvariri, saka

unofanirwa kunyatsoritsanangura. Kana tikatsanangura zvatininge tichida akutenda kwedu, tinenge tichiratidza zvatinoziva zvirimushoko maringe nezvatininge tichida, uye kuti tinenge tichiziva zvatiniwana kana tikatora matanho tichishandisa kutenda kwedu.

Mwari vanoda tsananguro yakakwana yezvaunege uchida kubva kwavari. Semuenzaniso imotokari yerudzii yaurikuda kubva kwavari, uye ndeyeruvara rwerudzii? Chii chirimuhupenyu hwako chauri kudakuti vachishandure nezvaunotarisa kuwana? Mari yauri kuda imarii uye urikuda kuiwana rinhi? Usataure zvisinatsananguro, asi nyasonanga kutenda kwako pagomo raunenge uchitaura naro uchitsanangura nyaya yako, unowana munana wako chete!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**INdirikutema chirevo chekuti handipesane nemunana wangu; Ndichawana zwiwanikwa zvangu zvese. Mamiriro ezvinhu muhupenyu hwangu arikushanduka, zvinhu zvirikundinakira nezita raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Marko 11:23; VaHebheru 11:1



## 2 Timoti 2:16

**Nzvenga kutaura kusina hanya naMwari; nokuti vacharamba vachingonyanya pakusanamata Mwari.**

Zvinhu zvakajairika zvikuru kuti vanhurume nevanhukadzi vaMwari varwiswe newakai-pa. Hachisi chinhu chinoshamisa kuti zvinhu zvakadai zviitike, asi kuti zvinhu zvinotarisirwa kuti zviitike. Ishe pachavo vanoti zvine njodzi kuti vanhu vataure zvakanaka nguva dzese pamusoro pako (Ruka 6:26). Asi kunyangwe zvakadaro unoona vamwe vanhu vachishandisa nguva inenge munhu waMwari awirwa nezvakaipa, semukana wekuperadzira mashoko akaipa pamusoro pake, kusanganisira nekuendeswa nyaya dzake kuvatori venhau, vaine chinangwa chekusvibisa zita rake.

Zvinorwadzawo kuona mamwe maKristu achimhanyira kuti anzwe zvakananda pamusoro penyaya dzakaipa dzinenge dzawira munhu waMwari kuburikidza nekuita

tsvakurudzo pamasaisai eGoogle kuteerera nhau kana kutsvaga paYouTube. Izvi zvinenjodzi yekuti zvavanenge vanzwa zvinoita kuti navowo vapedzisire vave kutaura zvakaipa pamusoro pemunhu waMwari, kuburikidza nemashoko avanenge vawana panzvimbo idzi.

Mwari vanovenga tsoka dzinomhanyira twunyaya twusina maturo, asi kune maKristu akawanda anekatsika kekudaro. Shoko raMwari rinokurudzira kuti finzvenge, kusiyana nekutiza mitauro netwunyaya tusina maturo. Nyaya dzakadaro dzinoparadza. Chinja kwaunopedzera nguva yako, usazvipinze munataisireva. Namatira vatungamiri, nevese vanenge vachirwiswa newakai-pa. Tiza nyaya dzinozokunetsa muneremangwana pamusoro pezvese usambofawakataura zvakaipa pamusoro pemunhurume kanamunhukadzi anenge achishandiswa na Mwari.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinoramba kutsigira zvinhu zvinenge zvisina umboo. Nzeve dzngu dzakashambidzwa kunzwa zvinhu chete zvinokurudzira. Hakuna chimwe chinouya kwandiri kunze kwenhau dzinonakidza! Amen.**

## MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 6:16-18; 1 Timoti 5:19

**Mateo 19:26**

**Jesu ndokuvatarira akati kwavari; kuvanhu izvi hazvibviri, asi kuna Mwari zvose zvinobvira.**

Kune nyaya yemumwe murume akati nerimwe zuva akayeva mwanasikana wake achitamba. Sezvineyiwo mwana uyu akan-goerekana adonhera pasi, makumbo ake ndokubva aoma kuita setambo. Mwana uyu akamhanyiswa akapinzwa mumba zvikaoneka kuti akange asisina simba mumakumbo. Madhokotera akabva angopererwawo nezano uye akatadza kutsanangura chirwere chaiva nacho.

Murume uyu akatanga kushandisa zvaaziva kuti ndizvo chete zvaizoshanda pamwanasikana wake. Akatange kuverenga mavhesi emubhaibheri. Mazuva ese aitaura kakawanda kumakumbo emwanasikana wake. Achirayira mhasuro nemabhonzoko ake! Rimwe zuva mwana uyu akasimuka ndokubva kwaitika munana wekuti akamira,

asi akange asati avekugona kufamba, saka baba vake vakaenderera mberi nekutaura shoko. Mumwe musu vakaudzwa kuti akange ave kufamba! Vazere nemufaro baba ava vakaenda vakanozvisionera vakashamisika apo mwanasikana wavo akavamhanyira, aporeswa!

Hazvinei kuti urikunzwei mumuviri wako nhasi. Ziva kuti shoko raMwari rinoshanda! Paunongotanga chete kuritaura pamuviri wako, rinobva ratotanga kushanda! Unogona kusaona kana kunzwa chinhu, asi mushure mechinguvana unoona wave nehutano hwakanaka. Kana uchinge wapererwa, ndirikukukurudzira kuti urangarire nyaya yandakuudza iyi, yemwanasikana uyu nababa vake. Rimwe zuva ndiwe unenge uchipakurirana nevamwe kupupura kwako pamusoro pezvaunenge waitirwa naMwari! Faranuka, shoko raMwari rinoshanda!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Shoko raMwari ririkushanda mukati mangu. Pandiri kuritaura pamusoro pemuviri wangu, ndirikutaura zvarinoreva. Muvi-ri wangu urikuwirirana nezvirikutaurwa mushoko uye hutano hwangu hwave kudzoka!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa AvaPostori 19:20



### 2 VaKorinde 10:3-4

**Nokuti kunyangwe tichifamba nenziira yenyama hatirwe nemitowo yenyama; nokuti nhumbi dzedu dzokurwa nado hadzisi dzenyama asi dzine simba pamberi paMwari rokuputsa nhare.**

Vanhu vanonzi vanoramba kupinda muhondo kana kuva nechekuita nezvekurwisana, vanenge vachitevera chitendero chavo. Vanhu ava vakatozvipira kupika jere kana kushungurudzwa vachiramba kuita nhengo dzeuto kana kuita chero chipi chinhu chinoenderana nezvehondo. Vamwe vanhu vanoti vanhu ava magamba asi vamwewo ndivo vano vati magwara. Asika, kana pave panyaya yehondo yepamweya, hakuna anonzi anogona kuita sarudzo yekuti asaipinde.

Paunongoita muKristu chete unobva watova musoja. Uchida usingade utori muhondo. Nhau dzinonakidza ndedzekuti urikudivi revakundi, saka hausikurwira kuti ukunde kwete nekuti Kristu akatorwa kare akatikundi-ra! Asi kune muvengi anoita kunge asingazvize kuti akakundwa kare. Anoramba achikupfuura chete nezvombo zvake, kunyangwe waita sarudzo yekurwa kana kusarwa. Munamoto ndichochoombo chinopfuura zvombo zvese kana zvenuclear. Munyengetero unoparadza chero chipi chingakandqe nemuvengi kwauri. Sakausaise chombo chako pasi; enderera mberi nekupfuura usamire!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakapakata zvombo uye ndirinjodzi! Ndinoparadza zvese zvirikuedza kuitwa nemuvengi muhupenyu hwangu kuburikidza neminamoto! Hapana zvinoitwa nemuvengi muhupenyu hwangu ndisingazive nekuti minamati yangu inoenda pamberi pezvichauya.**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 15:57



**VaRoma 8:31**

**Zvino tichatiyiko pazvinhu izvi? Kana Mwari achitirwira ndianiko achatirwisa?**

Urikuzwa wkaremerwa here nekuziva kuti Mwari vakakudaidzira kuita rimwe basa? Pamwe wavekufanirwa kutanga kuita bhizimusi, kana kutungamirira hushumiri, kana kudzokera kuchikoro. Zvisinei nezviri kuitika unogona kuzviona wavekuzvibvunza kuti, "Zvinhu izvi ndichazvifambisa sei?" Hausi wega! MaKristu akawanda akatombozvibvunza mibvunzo yakafanana newako.

Muna vaTongi 6, Gidhiyoni akange akahwanda muvengi sembende, apo akadaidzirwa kuti aite basa rakakurisisa muhupenyu hwake hwese naMwari. Gidhiyoni akazvitarisa, akatarisa kwaibva akatarisa zvakange zvakamukomberedza, akashaya kuti izvi zvaizoitika sei, asi akange aine chinhu chimwe chete chaimushandira, inyaya yekuti Mwari vakange vari kurutivi rwake!

Kana tikatenda munaMwari uye totenda zvirongwa zvavainazvo pamusoro pedu, tinogona kuita basa rese rinouya kwatiri nehumbare neruzivo rwekuti tinokunda. Kutanga kuita rimwe basa chinoita kunge chinhu chinotyisa chisingagoneke pekutanga. Asi nekutenda, uye neminamoto, neruzivo rwakuti Mwari ndivo vakakutuma, unokunda! Unoona wavekubudirira nenzira inoshamisa. Nyasha dzinokutakura kudarika zvaungaitwe kana uine mapepa efundi. Jehovha wehondo anewe nguva dzese! Gara uchirangarira kuti Mwari havadaidze vanogona. Anogonesa vakadaidzwa!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Kune hondodzevatumwa vanenge vasingaoneke dzinondiperokedza kwese kwandinoenda. Ndirikutumira vatumwa kuti dziyende pamberi pangu dzonofanogadzirisa zvinhu. Ndinokunda chete! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Vatongi 6:11-16

# GoodNews

DAILY

# Kids

DAILY DEVOTIONAL

Jul-Aug-5  
2024

# GoodNews

DAILY FOR KIDS

As cold waters to a thirsty soul, so is

Uebel  
A



**Mapisarema 23:4**

Zvirokwazvo, nyangwe ndikafamba mumupata womumvuri worufu, Hand-ingatongotyi zvakaipa; nokuti imi muneni;Tsvimbo yenyu nomudonzvo wenyu, zvinondinyaradza.

Avo vane nguva yakareba vachifamba nzendo, vanoziwa kuti rwendo rwese rwunogadzirirwa uye pane zvaunofanirwa kunge uinazvo zvaunoongorora kuti zvinege zviri uye zwichishanda zvakanaka. Vanotarisa kuti mavhiri emota anemweya wakakwana here,-peturo iripo inokwana here, uye kuti michina yemotokari inoratidza nzira irikushanda zvakanaka here. Zvinoshamisa zvikuru kuti maKristu akawanda akangotanga kufamba rwendo rwechiKristu asina zvikwanisiro zvakanaka zvekuita rwendo urwu. Rwendo

rwedu rwekutenda rwunoda ruzivo rwakanakwana urwo rwunowanikwa mushoko raMwari, nekuti "Kutenda kunouya kuburikidza nekunzwa uye kunzwa shoko raMwari" (VaRoma 10:17).

Ongorora kuti parwendo rwako unemafuta akakwana, kunova kushionga minamoto wowona zvakare kuti chiratidzo chenzira dzaunenge uchifamba, shoko raMwari chirikushanda zvakanaka! Bhaibheri riniti shoko raMwari irambi mumakumbo ako nechiyedza panzira dzako (Mapisarema 119:105). Harusi rwendo rwezuva rimwe chete kwete, asi nderwehupenyu hwako hwese. Unokunda mugore rino rekuona denga panerino pasi!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

Handisi kufamba ndega, Mweya waMwari unenge uchindiratidza nzira, saka ndinosvika chete kwandiri kuyenda. Handinete, asi ndicharamba ndichienda mberi, ndiwane mukombe wekudaidzwa kwangu nezita raJesu!

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mapisarema 27:1

**1 Johani 5:15**

**Zvino kana tichiziva kuti anofinza pazvosezvatinokumbira, tinoziva kuti tapihwa mikumbiroyatakakumbira kwaari.**

Kana mudzidzi achinge averengera bvunzo, anyatsotora nguva yakareba achiverenga zvekuti anenge akunyatsonzwisisa maererano nebunzo iyi, anopinda panzvimbo yekunyorera akadzikama achinyatsoziva kuti achatsvunha. Kuyangwe paanopedza kunyora anenge achiziva kana mibvunzo yaakabvunzwa yange yakarongwa zvakanaka uye kuti iye anenge akapindurawo zvakanaka, saka anenge asingatye kuti pamwe anogona kukundikana!

Vhesi redu ranhasi rinotaurawo zvakanaka kuti kana uchiziva kuti Mwari vanonzwa minyengetero yako, unowana

mhinduro yako chete kubva kwavari! Vara rinoti “kuziva” riri muvhesi redu rinobva muvara rechi Giriki rinonzi,” rinoreva kuziva kuti chinhu ichi changachiripo! Hautombofungira asi unotenda machiri! Pfungwa iyi inoita kuti upemberere usati waona zvaurikunamatira! Iva neruzivo rwekuti Mwari vanokunzwa pese paunonamata wotanga kurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, wavekuona minana ichiitika nezita raJesu! Amenii.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndichaona kuzadzikiswa kweminyengetero yangu. Ndinoziva kuti Mwari vakanzwa minyengetero yangu yandakaita muchivande. Ndine chokwadi chekuti mhinduro dzichauya pajekerere, kunyadzisa vaindishora zvopa mbirinerukudzo kuzita raJesu! Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 Madzimambo 3:12

**Mabasa AvaPostori 2:17**

**Mwari anoti, nemazuva ekupedzisira ndichadurura mweya wangu pamusoro penyama yose, Vanakomanavenyu navanasikana venyu vachaporofita. Majaya enyu achaona zviratidzoNavatana venyu vacharota hope**

Bhaibheri rinotiudza kuti pamazuva ekupedzisira kuchange kuine kuratidzira kwakanyanya kwesimba raMwari, kuburikidza namweya wavo, zvinova zvinhu zvirikutoitika parizvino mukereke medu. Ndisu takakodzera kupedzisa mujaho sezvo tiri ndisu takabata chimuti! '-Makereke inzvimbo dzekupasimba kuma Kristu; saka shandisa shoko raMwari izvezvi kuratidza simba ravo. Shoko rinoda kuti uzvipire pariri kuti uwane kuratidzwa kwesimba raMwari, kuburikidza neminana nezvishamiso

mugore rino rekuona denga panerino pasi!

Kubvira nhasi tanga kuisa maoko ako pamusoro pevanorwara uone vachiporeswa! Taura kudzoreredzwa kwebhizimusi rako uone richimuka nekusimukira. Rwira wanano yako uchishandisa shoko raMwari ugoona mave nerudo rwejaya nemhandara zvakare. Kuva ndisu nyanzvi dzakabata chimuti chevhangeri zvinoreva kuti tinofanirwa kutora maguta nyenika, zvine zvaJesu nekukurumidza. Kristu ndiye tariro yekubwinya, saka usatye paunenge wavekuperidza shoko raMwari pamazuva ano ekupedzisira, nezita raJesu.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri musoja waKristu. Ndiri kufamba ndisina nhetemwa ndiina mweya mutsvene mandiri kuti ndibvute maguta nyenika zvine zvaJesu Kristu! Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Joweri 2:8



### 2 VaKorinde 5:7

**Nokuti tinofamba nokutenda, hatifambi nokuona.**

Pakurarama kwatinoita kune zviteshi zvakasiyana siyana zvinoti zvechitima kana zvemabhazi, apo panokwira vanhu vachienda kunzvimbo dzakasiyana siyana. Kana uine kutenda kwakasimba mushoko raMwari, unoona kuti nekufamba kwenguva mikumbiro yako inokurumidza kunzwikwa naMwari uye ngirozi inobva yatotumirwa ipapo ipapo nemhinduro yako. Zvinorwadza kuti kutenda kwemaKristu akawanda kunoshanduka nekufamba kwenguva zvekuti panozosvika ngirozi nemhinduro pachiteshi cherutendo chemuKristu vanowana muKristu uye asisipo, rutendo rwake rwaneta. I basa rako kuti urambe wakatsika pane chaunenge

uchitenda machiri kuti chichaitika. Ramba wakabatirira pashoko raMwari kunyangwe zviite sei, usazungunuke!

Musoja anobva panzvombo asina mvumo anodaidzwa semunhu anenge arovha basa, uye ane zimwe zvikwanisiro zvebasa zvaasingawane. Paunongomira kutenda kana kusavimba neshoko raMwari, panozouya ngirozi nemhinduro yako, iwe unenge usisiri panzvimbo, wotadza kuwana munana wako! Nyatsoona kuti, "munana wako wenga panerino pasi", haunonoke kusvika kwauri, asi kuti unosvika nenguva. Mwari havana kukukanganwa.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikuona munana wangu unezita nekero yangu uchisvika. Ndiricharamba ndiri panzvimbo kunyangwe ndikapinda nepane dutu guru remvura, Handisi kuzorasikirwa nehukuru hwangu mugore rino rekuona dengapanerino pasi nezita guru raJesu! Ameni.**

### MAVHESI EKVVERENGA

VaHebheru 11:1

**Jakobo 1:6**

**Asi ngaakumbire nokutenda asinganyunyuti napaduku, nokuti munhu anonyunyuta wakaita sefungu regungwa, rinosundwa nemhepo, richimutswa mutswa.**

“Kukumbira” zvinoreva kutaura zvaunenge uchida kubva kuna Mwari usinga tsukunyuke pamikumbiro yako. Kutaura zvaunoda usingatye ndiyo svumbunuro yakakosha, asi kukumbira kwako kunoenderana here nekuda kwaMwari? Kuti uwane zvaunenge uchida kubva kuna Mwari unofanirwa kuva nekutenda kwakasimba, uye usashanduke uchienderera mberi wakangonangana nechinhuru chauri kuda ichocho kusvikira wachiwana. Unofanirwa zvakare kuramba uchinzwira izwi raMwari, nekuti kutenda

kunouya nekunzwira, kunzwira shoko raMwari. Zara neshoko zvekuti ukasvinwa unobuda muto weshoko raMwari.

Apa patatarisana nekupera kwegore mamwe maKristu ave kutozvibvunza kuti gore rino ndichaonawo here denga pane rino pasi pamwe chete nemhuri yangu, mubhizimusi rangu kana mumubato wangu wemaoko? Chirikudiwa apa kuti uwane zvaurikuda uye mikumbiro yako ichienderana nekuda kwaMwari pamusoro pehupenyu hwako, zvinova zvinhu zvinowanikwa chete mushoko ravo. Shoko raMwari nekuramba wakatsungirira pane zvauri kuda ngazvive musimboti wemikumbiro yako ugoona minana ichiitika muhupenyu hwako, zvisina mubvunzo.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Nhasi ndinosarudza kukumbira ndiine kutenda ndakatsigirwa neshoko raMwari. Handichakumbira ndakararika, ndinoziva baba vangu vanondinzwa pese pandinokumbira, ndichitevera kuda kwavo. Mhinduro kuminyengetero yangu iri kuuya izvezvi, pasina kunonoka. Ndakaropafadzwa nezita raJesu! Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mateo 21:21

**Marko 16:15**

**Akati kwavari, Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose Evhangeri.**

Muvengi haadi kuti vanhu vave vadzidzi veshoko raMwari uye ndicho chinhu chaanonyatsorwisa nesimba rake rese. Unotonzwa kuti kunyika yakati kana kuti yakati hakuite kutendeutsa vanhu kuti vatambire Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu hwavo. Kune dzimwe nzvimbo unonzwa kuti hakuite kuti muguta racho muve nekereke yemaKristu. Pfungwa yakadai inoratidza kuti dzimwe nzvimbo dzakatorasirirwa kune wakaipa kuti aite zvaanoda nado. Vhesi redu ranhasi rinoratidza kuti hakuna dhorobha, guta, kana nyika zvisingatongwe naMwari. Pafunge kuti nyika yese ndeyaMwari!

Tine basa rekusvika kusati kwasvikwa tichiparidzira nhau dzinonakidza dzenyasha dza Mwari kuzvisikwa zvose. Iri rinoita kunge basa rakakura zvikuru asi rinogona kuitika. Iwe chimbofunga uone nyika yese uchii-paridzira irimumaoko ako. Jesu angadai asina kuti tiite basa iri dai zvakange zvisingagone kuitika kuti chisikwa chese chiparidzirwe shoko, Dambudziko harisi kunyika dzisati dzatendeuka asi nderemafungiro atinoita pamusoro pezvatiri. Gadzirira kuparidzira shoko kunyika dzakasiyana siyana apo mweya mutsvene arikukukutungamirira achikuratidza kwekuno paridza shoko!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakagadzirira kunoparidza evhangeri yeruponeso kunyika dzese. Zvandakadaidzirwa zviripachena, uye basa rangurakanyatsotsanangurwa. Ndirikuzotendeutsa vanhu kuti vatambire Jesu satenzi nemuponesi weupenyu hwavo!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa AvaPostori 1:8





**Ruka 10:19**

**Tarirai ndakakupai simba rokutsika pamusoro pesimba renyoka nezvinyavada, napamusoro pesimba rose romuvengi, hakuna chinhu chingatongo kukuvadzai.**

Ndoda kuti uzive kuti wakaipa haadi kuti ushaye hanya naye. Kana ukatemutevedzera anokutungamirira hupenyu hwako! Unofanirwa kuramba wakasimba neshoko raMwari uchitungamirirwa naMweya Mutsvene. SemuKristu akazadzwa namweyamutsvene unesimba guru pamusoro pewakaipa. Jesu kuburikidza nemweya wake akagara mukati mako uye izvi ndizvo zvinokupa simba rakawanda pamusoro pewakaipa. Wakaipa, muvengi akakundwa kare. Arikungoomba seshumba achiita seshumba asi asiri

shumba yechokwadi.

Iwe ndiwe anoomba nezwi reshumba yerudzi rwaJudah. Usatarisire pasi simba raunogara kushandisa kurwisa naro muvengi. Saka shandisa vhesi ranhasi pamuvhengi ugoona achitiza kubva kwauri. Mugore rino rekuona denga panerino pasi omba seshumba, neizwi rinonzwika kunyika yemweya ugoona matambudziko ako achiperera nezita raJesu.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

Mugore rino rekuona denga pane rino pasi izwi rangurichanzwikwa kumatenga. Ndirimutongi wematunhu ane izwi rinotonga uye rine simba. Wakaipa handimutye nekuti akakundikana kare, haana mazino haana simba uye ari pasi petsoka dzangu! Hareruyah.

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mapisarema 91:13

**VaKorose 1:19**

**Nokuti baba vakafara nazvo, kuti kuzara kwose kugare maari;**

Chinoita kuti usavimbe naMwari inyaya diki: haumuzive! Mwari vakatora nguva yakareba vachizvitsanangura mubhai-yibheri kuti ndiyani, asi vanhu vakawanda nemamwe maKristu havavazive. Mwari musiki wedenga nenyika, vakatora matanho ekuti vaberekwe pane rino pasi nemhandara. Jesu ndiMwari, sakanzwisa izvi kuti apo Jesu aiyamwa mukaka pana amai vake, ndiMwari vaitorarama pane rino pasi. Jesu paaikambaira, nekufamba ndiMwari vaitorarama panerino pasi semunhu, vazviunza kuzvisikwa zvavo.

Bhaibheri rinotsanangura muna Va-Hebheru 1:1-6 kuti "Mwari wakataura

kare kunamadzibaba muvaprofita nemigove mizhinji uye nemitovo mizhinji, zvino pakupedzisira kwamazuva ano wakataura kwatiri muMwanakomana wake waakaita mudyi wenhaka yezvinhu zvose waakaitawo naye nyika... Mwari ndiye musiki wezvinhu zvese, hakuna chinorarama kunze kwake. Vazive ugoona hupenyu hwako huchishanduka mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndiri chisikwa chaMwari chakagadzirwa nemufananidzo wavo, ndinoziva kuti ndiri ani, uye kuti ndiri waani. Ndiri mutakuri waMwari pahutatu hwake uye ndine simba rekutonga zvinhu zvese nekugadzirisa matambudziko ese nezita guru raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Johani 1:16



**Jobho 22:28**

**Uchatemawo chirevo chikasimbiswa kwauri; Uyechiedza chichavhenekera nzira dzako.**

SemuKristu, chimwe chezvombo zvaunoshandisa izwi rako. Zvaunenge uchida kuona zvichishanduka muhupenyu hwako uye nemashandukiro azvinofanhirwa kuti zviite zvinogona kuitika uchishandisa izwi rako. Haungarambe wakanyarara, uchiti zvinhu hazvisi kuitika sezvaunoda kuti zvive. Chii chaurikuita pamusoro pazvo? Unotautaura kudzoreredzwa kwebhizimusi rako here kana rave pedyo nekubhurora? Unotaura kuporeswa here kana wave kurwara? Unotaura kuchengetedzwa here pamusoro pevana vako pavanomuka mangwanani?

Chii chaicho chauri kutaura pamusoro pemamiriro asina kunaka ezvimwe zvinhu zviru muhupenyu hwako. Kuramba kwako wakanyarara kurikupa wakaipa simba pamusoro pedambudziko iri. Kubudirira kwako nehupenyu hwako zvinobva mumukanwa mako nekuti muromo wako hauushandise pakudya chete. Bhaibheri rinotiudza kuti hupenyu kana rufu zviru mumuromo wako. Chimbo shandisa simba riri pamuromo wako kuti ubvise zvimhinga mupinyi zviripamberi pako kusanganisira nezvikwereti zvaunenge usingade. Unoona matambudziko anga arimuwana-noyako avekupera, kwave kuitika minana yekuporeswa mukati memuviri wako, uye mari yave kubatika muhupenyu hwako, apo unenge uchidaidza zvinhu kuti zviuye muhupenyu hwako.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikutaura kuva nemari yakawanda, kusimukira kwebhizimusi rangu. Mari irikuuya kwandiri, ndirikutonga uye ndine simba. Ndichararama kuti ndiratidze kubwinya kwaMwari nezita guru raJesu! Amen.**

## MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 18:21

**1 Timoti 1:18**

**Basa iri rakarairwa ndinokupa iro, iwe Timotio, mwana wangu, kuti sezvazvakaporofitwa kare pamusoro pako, urwe pfumo rakanaka mazviri;**

Ndinoda kuti uzive kuti semaKristu tinorarama hupenyu hwechiporofita! Zvese zvakaitwa nalshe Jesu panyika, zvakange zvaporofitwa. Takaropafadzwa mukereke medu nekuti tinonzwazviporofita potse mazuva ese. Ndizvo zvinotisimbisa kuti Mwari vanesu, uye kuti vane zvavarikutaura mukati medu, pamazuva edu ekurarama. Kana ukapihwa shoko rechiporofita tora matanho ekushandisa shoko iri, ugoona richizadzikiswa muhupenyu hwako. Tichiri mugore rekuona denga pane rino pasil!

Ziva kuti wakadaidzirwa kuti uratidze kubwinya kwaMwari. Mashoko ese akaipa akataurwa kare kuburikidza nezvawakakanganisa ndirikuadzima nezita raJesu! Nhasi izuva ritsva, urikuenda mberi. Muromo wese unotaura uchida kukushora wakatukwa, nyaya dzese dzekumatare edzimhosva, kana dzekuita nezvemute-mo ndirikudzidzima, ndiyo nhaka yako. Ndirikutema chirevo izvezvi, aritari yese irikutaura ichipikisana newe haisikubudirira nezita raJesu. Uri kubuda mudambudziko rawanga uinaro saka gadzirira kupemberera kukunda kwako, nenzira yakasanangurika!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirikuenderera mberi ndichirarama hupenyu hwakasanangurika. Mari dzangu dzasimudzirwa zvekuti ndavekubatsira pakusimudzirawo basa raMwari. Ndichatora zviwanikwa zvangu zvese nemaropafadzo angu ese nezita raJesu! Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 VaKorinde 10:4

**Mateo 10:16**

**Tarira ndinokutumai samakwai pakati pemapere, Saka chenjerai senyoka mururame senjiva.**

Bere imhuka inezvainokwanisa kuita uye chimwe chezvainogona kuita mhuka iyi kugona kushandisa pfungwa dzayo. Bere rinesimba rekufembedza nekuziva kana paine njodzi ichirikure nenzvimbo yacho. Imhuka inorarama kuburikidza neruzivo rwayo, zvekuti ikaziva kuti kune njodzi inosuduruka yochinja nzira yainenge ichifamba nayo. Bhaibheri rinoti muna Zvirevoo 22:3 "The prudent see danger and take refuge, but the simple keep going and pay the penalty."

MaKristu ndiwo andakaona achitikunyangwe akaona kune njodzi anoderera mberi achiyenda kwairi asingakoshese ruzivo neyambiro inenge ichipihwa namweya mutsvene. Mwari mumwe chete akabvumira vakomana vechiHeberu kuti vapinde mumoto vakabudamo vasina kana kukuvara; ndiye Mwari mumwe chete akabvumidza Roti kuti atize kubva mumoto! Mwari vanoshandisa mazano akasiyanasiyana, kugadzirisa matambudziko akasiyana. Saka chitanga kurarama hupenyu hwako wakangwarira, pfungwa dzako dzakavhurika, uye wakasvinura, ugoona uchisimukira muhupenyu hwako nezita raJesu.

enderera mberi achiyenda kwairi asingakoshese ruzivo neyambiro inenge ichipihwa namweya mutsvene. Mwari mumwe chete akabvumira vakomana vechiHeberu kuti vapinde mumoto vakabudamo vasina kana kukuvara; ndiye Mwari mumwe chete akabvumidza Roti kuti atize kubva mumoto! Mwari vanoshandisa mazano akasiyanasiyana, kugadzirisa matambudziko akasiyana. Saka chitanga kurarama hupenyu hwako wakangwarira, pfungwa dzako dzakavhurika, uye wakasvinura, ugoona uchisimukira muhupenyu hwako nezita raJesu.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndichakurira dambudziko rese rinouya muhupenyu hwangu; Ndinogara ndakangwarira uye ndichinzvenga njodzi. Anoda kundifeya achakundikana. Mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, ndirikusimudzirwa, uye ndichapenya. Mbiri.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mateo 25:4

**Ruka 16:8**

Ishe wake akarumbidza mutariri usakarurama, nokuti wakanga aita nokuchenjera, nokuti vana venyika ino vakachenjera parudzi, rwavo kukunda vana vechiedza.

Urikuona here zvandiri kuona muvhesi ranhasi? Ishe Jesu, Ishe wedu nemuponesi vakarumbidza mutariri akanga asina kururama. Chiiko chirikuitwa nevana vepanyika chakaita kuti varumbidzwe naJesu? Shoko raMwari rinotudza kuti kunyangwe tirimunyika ino, hatisi vemunyika, uye ichi ichokwadi. Panguva imwe chete tirikuyambirwa kuti tivenehuchenjeri senyoka. Kuti tikwanise kutendeutsa vakarasika nenyika yese kuti itambire Ishe Jesu satenzi nemuponesi wayo, tinofanirwa kuita hoche koche nevekumusoro munzvimbo dzakasiyana.

na.

MuApostora Pawuro vakaparidza shoko kuvanhu vakange vaine zvinzvimbo zvepamusoro nenhengo dzehurumende, kuitira kuti shoko raMwari rivemo munzvimbo dzepamusoro pasina kutya. SemaKristu takabumirana chinhu chimwe chete, chekuti kuti vhangeri risvike nzvimbo dzese dzenyika, kunofanirwa kugadzirwa hukama, nekuti avo vane zvinzvimbo zvepamusoro ndivo vanoita kuti vhangeri ritambirwe nevvanhu zvakanaka. Takatumwa kuti titendeutse vanhu pane rino pasi. Saka tinofanirwa kupihwa mazano namweya mutsvene kuti tinozviita sesei.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakasarudzwa ndikapihwa basa rekuparidzira nhau Dzinonakidza. Ndine simba rekukoromora makomo nekutonga mumatunhu, nekugadzirisa hwaro hwehupenyu hwevanhu nezitaneyita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 5:8

**Zvirevo 10:22**

**Kuropafadza kwaJehovha ndiko kunopfumisa, Kutambura pabasa hakuwedzeri chinhu.**

Ndoda kuti unzwisise kuti basa rawakadaidzirwa naMwari, rine basa zvikuru kwavari, uye tinoziva kuti tinofanira kuwana zvinotiraramisa. Vhesi redu ranhasi ririkutsindidza kuti Mwari ndivo vanoropafadza vanhu vavo. Zvimoreva kuti pfuma nehupfumi zvinofanira kupinda mumaoko eavo vakadaidzirwa basa raMwari. Mwari vakaudza Abrahamama baba vedu vekutenda kuti "Ndichakuropafadza kuti uve ropafadzo" Zvimoreva kuti zita rake rakabva ranzi ropafadzo. Abrahamama akangosvika chete wotoziva kuti nemaropafadzo asvikawo.

SmuKristu ukafamba nemaropafadzo anofambawo. Ukapinda chero nzvimbo nemaropafadzo anobva asvikawo. Nzvimbo yese yaunopin-da inotoropafadzwa kuburikidza neropafadzo rinenge riri pauri. Asi ko sei zvandiri kutaura kuti ndozvauri zvisiri kuoneka muhupenyu hwako? Mwari hava taure pamusoro pekushaya. Saka newewo kubvira izvezvi haushaye! Hasi kuzorarama hupenyu hwako uchishaya mugore rino rekuona denga panerino pasi. Ndirikudzima nekuisa muganhu kune chese chinokonzeresa kuti zvinhu zvisafambe zvakanaka muhupenyu hwako. Kubvira nhasi wasunungurwa kuti ufambe uchitevera hwaro hwehupenyu hwako.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Munhu wangu wemukato wemukati nezvese zvangu zvirikufambisa maropafadzo. Ndine pfuma yakawanda yekusiyira namarudzi asati aberekwa. Ndine nyasha dzaMwari pandiri dzinobereka nekuwanza pfuma, iyo yandichapa kuti ishandiswe pakusimudzira hushe hwaMwari kubvira iye zvino nekusingapere. Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Genesisi 26:13

**Isaya 10:27**

**Zvino nezuva iro mutoro wake uch-abviswa pamafudzi ako nejoko rake pamutsipa wako, joko richaparadzwa nokuda kwamafuta.**

Nyatsoterera unzwe, zodzo rinonyat-sonzwika uye parinenge riri rinonyat-sonzwikwa. Kana munhu azodzwa uye kana nzvimbo yazodzwa haibvisike. Vanhu vakadzwa vanogona kukupu-purirayi kuti hwaro hwehupenyu hwa-vo hwakashandurwa hukasimudzirwa nezodzo. Unoona, zodzo rinoita zvi-nobatika, uye rinoshandura hupenyu hwevanhu nehwaro hwehupenyu hwavo.

Kana tichitaura pamusoro pezodzo, tinenge tichireva kushanda kwesimba raMwari zvinonyatsobatika panyama.

Kuna Mwari hakuna chinoramba. Zvinokwanisika kuburikidza nezodzo. Paunoona mapundu anenge arimuvanhu achingoparara, vanezviriw-ere zvakaite sehiv vachipora, vanhu vachikwanisiswa kuita zviwereko uye hurombo huchipedzwa, zvinenge zvichiitwa nesimba rezodzo randi-rikutaura pamusoro pezvaro. Ndirikutema chirevo kune mumwe mun- hu arikuverenga gwaro rino izvezvi kuti chese change chakakusunga chaparadzwa uye hachidzoke muhupenyu hwako zvakare. Hupenyu hwako hwave kugadziriswa kuitira kuti uzadzikise hwaro hwehupenyu hwako, uye uchashandura zvinhu munyika dzakawanda, mugore rino rekuona denga nenyika pane rino pasi!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakadaidzwa uye ndakazodzwa kuti ndiyendese vhangeri re- ruponeso kunyika dzese pasi rese. Ndirimuparadzi wemajoko uye ndinoita minana nezvishamiso, uye handikundikane. Ukan- gondibata chete unobva waparara', simba raMwari riri kufam- ba mutsinga dzangu nezita guru raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 81:6





**Isaya 53:1**

**Ndiyaniko anotenda zvatakaparidzirwa? Ruoko rwaJehovha rwakaratifidzwa kunaani?**

Ndinoda kuti uzive kuti matambudziko aisanganikwa nawo nevanhu pamazuva akarararma muProfita Isaya uyo akabvunza mubvunzo uri muvhesi redu ranhasi, ndiwo mamwe chete ariku-sanganikwa nevanhu pamazuva ano ekupedzisira. Mazuva iwayo kwakange kuine vaizvitutumadza, vaizvida neku-dada, uye kwakange kuine vaiti ndi-nofa newe asi vari ndivo vaivavaten-gesi. Kwakange kuina avo vaifunga kuti Mwari akambonozorora, vavekuita zvavanoda uye kune avo vaiti haku-na Mwari ne avo vaitenda kuzvimifanidzo.

Zvinoita sekunge MuProfita ava vakange vagumburwa nezvaitwa nevanhu pamazuva iwayo ndosaka vakabvunza mubvunzo uyu. Uyu mubvunzo uripo zvakare nanhasi, uye utori nebasa zvikuru mazuva ano kudarika pawaibvunzwa pamazuva emuProfita Isaya. Mazuva ano tirikuona vanhu vachiyedza nepese pavanogona kuti vabvise chinhu chese cha Mwari kana chinomiririra Mwari kubva muchikamu chekudzidza. Mashoko akaparidzirwa anotendwa chete nauyo akaratifidzwa ruoko rwaJehovha, anova muKristu wechokwadi!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Mashoko aJehovha ndiwo ega anotaura zvirikuitika muhupenyu hwangu! Ndirimusoro uye hupenyu hwangu hurikusimukira. Hupenyu hwangu hwakazara nenyasha nekusanangurwa. Kwese kwandinoenda ndinoteerwa nenyasha nezvakanaka, handimbofa ndakakundwa nedambudziko hupenyu hwangu hwese! Amen.**

## MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 10:16

**VaEfesu 5:15-16**

**Naizvozvo chenjerai kwazvo pakufamba kwenyu kuti murege kufamba sevasina kuchenjera asi sevakachenjera, mungwarire nguva yenyu nokuti mazuva akaipa.**

Vara rakashandiswa muvhesi redu rekuti chenjerai, muchiGiriki rinotsanangura kuita zvinhu nemazvo zvisina chipomerwa uye zvine huchenjeri. Ongorora kuti muApostora Pawuro vainyorera maKristu muvhesi iri. Vari kuti mazuva ano aipa, zvichireva kuti zuva rega rega rinouya nematambudziko aro, saka iwe unofanirwa kugara wakapfeka nguwo dzaMwari dzokurwa nadzo nguva dzose! Urukupiwa yambiro iyi nekuti muchinda wenyika ino Satani anemanomano akawanda ekukanganisa nawo hupenyu hwevanhu uye haasati azorora. Zvakakosha kuti ugare zvakare chiziva shoko raMwari sechidzivi-ro nguva dzose!

Unofanira kutora matanho murwendio rwako naKristu, woshandisa kutenda kwako mushoko raMwari rinenge ririmaererano nehupenyu hwako. Unofanirwa kunzvera nzvimbo yaunenge uri uye kugara uchinamata zvikuru sei panguva yaunenge wasangana nedambudziko, Mwari vanokugadzirira tafura pamberi pevavengi vako. Mwari vavekuda kuzviratidza kwauri nenzira yakakurisisa. Wavapedyo nekusimudzirwa, kuti uende kuchinzvimbo chepamusoro. Wakasarudzwa naMwari kuti uve ndiwe unoratidza kukupfumisa kwavachaita sehumboo wehukuru hwavo. Ita zvinehuchenjeri, vakakusiya nekuti vakange vasiri chikamu chehupenyu hwako, iye zvino yave nguva yako! Simuka Upenye!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakashonga nhumbi dzaJehovha dzekurwa nadzo; hapana kana panogona muvengi kupinda achindisvikira. Ishe vakanyatsondichengetedza. Ndakaropafadzwa ndichibuda uye ndakaropafadzwa ndichidzoka, uye midzi yehupenyu hwangu iri munaKristu! Hareruyah.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaKorose 4:5



**Johani 10:10**

**Mbavha inouya kuzoba kuzouraya nekuparadza: Ndakauya kuzopa hupenyu hwakawanda.**

Wakaipa noramba achishandisa mazano ake akare, aakashandisa kubvira kuma zuva aAdhamu naEvha. Zvaanoshandisa zvimwe chete makore nemakore. Newewo unogona kunge wakambowira mune rimwe remazano ake, aakashandisa kare, uye pari zvino anogona kunge achikuudza kuti uite zvinhu zvimwe chete zvakare! Wakai-pa haagone kusika, saka anoramba achingoshandisa zano rimwe chete oramba achiridzokorora nguva dzese. Madhimoni haagone kubereka, haku-na mamwe madhimoni matsva.

Madhimoni mamwe chete iwayo

aishanda pamazuva aAdhamu na Evha ndiwo mamwe chete arikun-goshanda panyika parizvino, ndosaka achiteverera rudzi rwako. Usaw-ire mumano mano akare aSatani, yave nguva yekumira neshoko raM-wari, uye haukundikane! Wakaipa anoshandisa mashoko aunomupa kuti akurwise nawo. Nhasi izuva rako rekukunda, hakuna anomisa ku-simukira kwako mugore rino rekuona denga pane rino pasi!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndiri mwana waMwari; ndinorarama hupenyu hwekubudirira nekukunda nguva dzese. Hutano hwangu ndewedenga, uye bhizimusi rangu riri kubudirira, wanano yangu ine runyararo uye mhuri yangu irikusimukira nezita guru raJesu!**

## MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 7:25



BECOME A **GoodNews** PARTNER TODAY BY VISITING  
DAILY  
[WWW.GOODNEWSWORLD.COM/GNDPARTNER](http://WWW.GOODNEWSWORLD.COM/GNDPARTNER)

# GoodNews

DAILY

EVANGELISM





**1 VaKorinde 16:13**

**Rindai, mirai nesimba pakutenda itai savarume musimbiswe.**

Ndirikuda kukuudza kuti unoramba uchidzungaira muhupenyu kusvikira waziva kuti zvirikuitika muhupenyu hwa-ko zvakatangira munyika yemweya. Kuti ubudirire pane rino pasi unofanirwa kuti ukure pamweya zvakananyanya. Zvinorwadza kuti kukura kwako pamweya hakukonzereswe nemuparidzi, kana kuziva kwaunoita shoko raMwari! Mu Apostora Pawuro vanoti muna VaEfesu 6:10 "Finally, my brethren, be strong in the Lord, and in the power of his might". Ongorora kuti simba redu rinobva pakuziva kwedu Mwari uye neshoko ravo.

Pawuro anoti simbai mugoneswe neshoko raMwari. Shoko raMwari rinotipa simba, rinoita kuti ukwanise kuita zvisingagoneki. Kusimbiswa kunobva mushoko raMwari hakuenzaniswe nehuchenjeri hwepanyika. Ichi ndicho chokwadi maererano nezvemweya chaunofanirwa kunzvera kubva mumagwaro ari mubhaibheri, woararama sekunge zvirimo zvakaitika kwauri. Unoona wave kutonga mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndine simba yeshumba inoomba mandiri. Kana ndirikudivi raMwari ndikudivi rine vakawanda, Ndinorarama nekufamba ndirimuna Mwari, avo vakandigadza semunhu mumwe chete anokunda zvese. Handikundikane, Mwari arikurutivi rwangu, nezita guru raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 Samueri 10:12

**Mabasa AvaPostori 2:42**

**Vakatsungirira pakudzidzisa kwavaapostora, napakuyanana kwavo napakumedura chingwa napaminyengetero**

Unenge uchizvitira zvakanaka pese paunoremekedza nekukoshesa nguva yaunenge uina Mwari. Kereke ndiyo nzvimbo inosimbiswa masoja aJesu. Chero chipi chombo chinodiwa kuti ukunde nacho muhupenyu unochiwanana mukereke. Nzwisisa izvi, nyika chaiyo, irimunyika yemweya. Muviri wako ndicho chipfeko chaunofanirwa kupfekedza munhu wako wemweya, kuitira kuti ukwanise kufamba nekurarama pane rino pasi. Urimunhu wepamweya arikungoshanyawo panerino pasi.

Sakanzvimbo inokusimbisa nekukudzidzisa ndiyo yaunofanira kukoshesa, kuitira kuti ukunde matambudziko

aunosangana nawo pane rino pasi. Kurega kuenda kunzvimbo kwaunonosimbiswa zvakangofanana nekuenda kuhondo usina mabara uye usina chirongwa chekufi unokunda sei hondo yacho! Kukunda kwako kunobva muruzivo rwaunowana uye nesimba rako munyika yemweya. Hondo inopisa irikuitika mazuva ese, saka kugara kwako wakagadzirira ndiko kunoita kuti urame!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinoverenga shoko raMwari zuva rega rega. Ndiri musoja mumauto aJehovha. Pfungwa dzangu dzinogara dzakapinza, ndinowanikwa ndiri mumba maJehovha nguva dzese uko kwandinosimbiswa nguva dzese. Ndicharama hupenyu hwekukunda nguva dzese nezita raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mabasa AvaPostori 20:7

**VaRoma 14:19**

**Naizvozvo ngatitsvake izvo zvinouyisa rugare nezvatingasimbisana nazvo.**

Ichokwadika kuti vamwe venyu vari-kuverenga rugwaro rwuno kuti mai-rarama hupenyu hwenyu muchiita zvamada, muchiita zvaikufadzai musati matambira Ishe Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu hwenyu. Asi iye zvino mava munaKristu saka ngatinzwe kuti MuApostora Pawuro varikutii maringe nemararamiro enyu pari zvino. Izvi tinozviwana muna 1 VaKorinde 6:12. "Ndakatenderwa zvinhu zvose, asi zvinhu zvose hazvindibatsire. Ndakatenderwa zvinhu zvose asi handidi kukundwa nechinhu chimwe]."

Apa unonyatsoona kuti hupenyu hwa-ko muna Kristu ndehwekuti uratidze

kubwinya kwaMwari nekuti hausisiri muridzi wako. Kune dzimwe nzvimbo dzawaipopinda kare dzausisa kwanise kushanyira. Kune vanhu vawaimboshamwaridzana navo vausisakwanise kuonana navo. Unofanirwa kuvanepfungwa dzaKristu nguva dzese idzo dzakakura kudarika dzako, woziva kuti wave chisikwa chitsva. Unogona kuzvitora kudai, wozviudza kuti hauna kumbenge uripo panerino pasi, urimunhu mutsva kuburikidza naMweya Mutsvene ari mauri.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri chisikwa chitsva muna Kristu. Zvino Kristu uyu akandikomberedza, aripamberi pangu ari pamusoro pangu uye zvese zvandinoita ndiKristu. Ndavekurarama hupenyu hwekukunda nezita raJesu Kristu. Mbiri!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 VaKorinde 10:23



**Mapisarema 18:47**

**Ndiye Mwari anonditsivira anondikundisa ndudzi dzavanhu.**

Hazvisi nyore uye zvinonetsa kuti kuwanikwe munhu waMwari wechokwadi asingarwiswe newakaipa. Pawakangopa hupenyu hwako kuna Kristu, wakabva watotanga kurwiswa newakaipa nevanhu vake. Vhesi redu ririkutaura pamusoro pekurwiswa kwaDhāvhidhi, muranda waMwari, asi zvinoshamisa apa ndezvekuti arikuti iye haarwise vavengi vake nekuti Mwari ndiye anomurwira. Saka haaite semunhu arikurwisana nemumwe munhu nekuti Mwari ndivo vavekurwa hondo dzake. Chimboteerera unzwe, unyatsondinzwa zvakanaka sekunzwa kwandinoita Mwari, hondo dzako dzese dzave kurwiwa naMwari.

Ndinokugamuchira kunguva yekuti Mwari pachavo ndivo vavekukutivira kune vese vakaita sarudzo yekurwisana newe. Ini pachangu ndinorwiswa kakawanda zvekutoti dzimwe nguva ndinoshaya kuti ndinopabuda sei? Asi tinoshumira Mwari vakuru vanosimuka kubva pachigaro chavo vachiparadza vavengi. Vavengi vako vavengi vaMwari nekuti urimuranda washe. Ndinokugamuchira panguva yekuti hondo dzese dzawanganga uchirwa dzavekurwiwa naMwari uyewo vavekurwisa wese anokurwisa. 2 VaTesaronika 1:6 inoti: "Zvakarurama kuti Mwari arwisane nevese vanokutambudza".

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Kukunda ndekwaJehovha nekuti ndiri chombo mumaoko aMwari chavanorwa nacho. Handimbofa ndakakundikana. Kukunda ndiko kwandinoita nezita raJesu. Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Dhuteronomi 32:35

**VaRoma 1:4**

**Wakaratiidzwa nesimba paMweya wo-  
hutsvene kufi ndiy mwanakomana waM-  
wari nokumuka kwake kuvakafa**

Kana uine mweya chete usina shoko raMwari unoparara. Asi kana uine shoko usina Mweya unoputika! Zvinonakidza manje apa ka ndezvekuti kana uine zvese mweya neshoko raMwari unokura. Saka chiverenga shoko raMwari, uchitungamirirwa namweya mutsvene, ugoona hupenyu hwako huchisimukira. Mweya Mutsvene ndiye mudzidzisi mukuru muhupenyu hwako, uye aripo kuti akudzidzise pamusoro pezvakananzika zvaMwari. Kukura kwako pamweya kunoenderana neshoko raMwari raunoziva uye nekutungamirira kwamweya mutsvene.

Kana uch- ishandisa shoko raMwari nguva dzese uye uchitungamirirwa naMweya Mutsvene, unehutungamiri hwakanaka zvinoita kuti ukwanise kuita sarudzo yakanaka kunhuri yako uye pakuita kwako bhizimusi. Bhaibheri rinoti "Vimba naMwari nemwoyo wako wese, usatevedze kuziva kwako". Wazvionaka. Sakai ta kuti Mweya Mutsvene ave mudzidzisi wako kana wave kunzvera magwaro matsvene, unoo-na wave kukura zvoita kuti ukunde pane zvakawanda. Ita kuti mweya mutsvene akutungamirire pamba pako, mubhizimusi rako uye nepabasa rako.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakaberekwa nemweya, ndiri chisikwa chitsva, ndirimutongi uye hupenyu hwangu hunotungamirirwa naMweya Mutsvene uyo anogara mandiri!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mabasa AvaPostori 2:24

**Mapisarema 18:44**

**Vachateerera pakarepo kana vachindinzwa vatorwa vachanamata kwandiri.**

Uchaona kuti vhesi redu ririkunyatsot-sanangura zviri pachena pamusoro pekuti Muimbi aiti vatorwa vaizoita chii kwaari, uye akatsidza kuti pavaingonzwa chete nezvake vaibva vangokurumidza kuita zvaanenge achida. Hapana kunonoka apa. Vaitokurumidza kupindura. Vatorwa vaiita nepese pavanogona kumuitira zvakanaka, nekuona kuti zvaaida zvakurumidza kuitwa. Kuburikidza nekutaura chete kwemuimbi, akabva adzima kunonoka kwezinhu. Ndirikutema chirevo chekuti kubvira nhasi hakusisina kunonoka kwezinhu muhupenyu hwako!

Tirimugore rekuona denga panerino pasi, uye unogona kunge urikuzvibvunza kuti sei zvirikuitika zvisiri kuitika kwauri kana kukuitira? Kunyanya mwedzi uno, unogona kufunga kuti gore zvarakutopera ndisina chanhandabata. Mira unzwe, dingindira regore rino ratakapihwa naMweya Mutsvene richiri kushanda nanhasi, gore harisati rapera. Nyaya dzehupenyu hwako dzichagadziriswa pasina kunonoka. Minana yako haisikuzononotswa. Makorokoto ako haasi kuzononoka. Nhau dzako dzinonakidza hadzisi kuzononoka. Rino richiri gore rako rekuona denga pane rino pasi!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ruoko rwaMwari rwuripo pamusoro pangu, vabatsiri vanongouya kwandiri, uye hupenyu hwangu hwuri kubudirira gore rino. Ndirikuenda mberi nekukurumidza sekupenya kwechiyedza. Ndirikukunda mugore rino rekurarama hupenyu hwedenga pane rino pasi, Ndichakunda! Amenii.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 Samueri 22:44-46

**Mateo 5:14**

**Imi muri chiyedza chenyika. Guta rakavakwa pagomo hari ngavanziki.**

Zvinhu zvese pauri zvinotongwa nechiyedza, wanano yako inotongwa nechiyedza uye nemari yako inotongwa nechiyedza. Chiyedza chinenge chiri mauri ndicho chikupa simba rekutonga. Bhaibheri rinoti kupinda kweshoko renyu mandiri kunoita kuti ndive nekunzwisisa. Kunzwisisa kunobva kuchiyedza chaunobvumira kuti chipinde mukati mako; zvinoreva kuti shoko raMwari riri mukati mako, rinounzawo huchenjeri hunokuzivisa zvekuita kana uchinge wasangana nedambudziko.

Panguva apo Jesu akasangana nemuyedzo arimugwenga, chiyedza cheshoko raizivikanwa naye ndicho chakabatsira kuti arambe kuita zvese zvainzi newakaipa aite, nekuti aipindura achiti "ZVAKANYORWA KUTI" Jesu akashandisa shoko raMwari rakange riri maari kuti arwe nezvirongwa zvasatani. Chiyedza chaunowedzera kuburikidza nekuverenga kwako shoko raMwari chinoita kuti uve nehutano hwakanaka, matambudziko emari apere uye kuti ugare zvakanaka muwanano yako. Verenga shoko raMwari iro rinova chiyedza, zvinyudze mariri ugoona uchirarama hupenyu hwedenga pane rino pasi!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri chiyedza chenyika; Ndinopenya kupenya kwacho kugowedzera kusvikira zvese zvakanombokeredza zvave nechiyedza chehupemo hwaJesu Kristu! Hareruyah!**

**MAVHESI EKVURENGA**

Johani 9:5



### 2 VaKorinde 4:8

**Tino tambudzika pamativi ose, asi hatimanikidzwe, tinokanganiswa asi hatina kurasa mwoyo;**

Pane zvinoitika muhupenyu zvausingakanganwe zvinokonzereswa nenguva yawakambopindana nayo yekushungurudzwa zvakananyanya newakaipa, asi ukaramba wakatsunga mwoyo ukaramba kukundikana. Nzwisisa izvi, minana inoitika kana wave pamahombekombe egungwa dzvuku. Kuti ukwanise kukunda nekubudirira unofanirwa kuziva kana nguva yako yekusimudzirwa yakwana woshandisa mukana wacho kuti ushandure hupenyu hwako huchienda kune chimwe chinhano chepamusoro. MaKristu akawanda anorasikirwa nemikana yawo nekuti haagone kuona kana nguva yawo yekusimudzirwa yakwana. Verudzi rwechiChina havana vara rinodudzira ku-

netseka nekuti vanoti dambudziko rese mukana unenge wauya,

“Saka panongoitika dambudziko chete vekuChina vanorimhanyira nekuti kwavari unenge urimukana wekugadzirisa zvinenge zvakananisika, izvo zvinoita kuti vawane chekubata pazviri. Kana nguva yako yakwana unotora matanho ekuubatisisa. Zvinhu zvepamweya zvinobatwa, hazvidzidzise munhu! Pane dzimwe nguva paunonzwa Mweya Mutsvene achikuudza kuti dyara mbeu kana kuti rara uchinamata kana kuti verenga bhaibheri rako gona kunzvera zvinenge zvichidiwa panguva iyoyo, woshandisa mukana iwoyo waunenge wapihwa, unobva wazoonawo munana wako uchitika.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Shoko raMwari civimbiso chandiinacho chekuti kunyangwe ndikasangana nedambudziko rakaita sei muhupenyu hwangu, asi mugumo wacho zvinondinakira chete. Semwana waMwari, ndakasikirwa hukuru, ndichakwira gomo rekuenda kuchinhano chiri kutevera muhupenyu hwangu. Ndirikumusoro chete handisi wepasi. Amen.**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaGaratiya 6:9

**1 VaKorinde 15:36**

**Iwe benzi, chaunyara hachimere kana chisingafi**

Patinoongorora zvirikuitwanemaKristu akawanda pavanenge vachinzi vad-yare mbeu dzekutenda, tirkuona kuti vashoma varikunzwisisa kukosha kwenyaya yacho. Kana yavenguva yekudyara nekukohwa, hatisikuona maKristu akawanda achizviita. Chirikunetsa apa inyaya yekuti maKristu anoti akadyara nhasi obva ada kuona zviratidzo zvekukohwa pakuru mushure memawa makumi maviri nemana. Havanzwisise uye havasi kutora nguva yavo kuti vanzwisise kuti kana mbeu yadyarwa inofanirwa kuti itange yafa, yozotanga kumera, uye mushure meka nguvana vanobva vakohwa kakapetwa makumi matatu, makumi matanhatu kana

kuti kazana!

Zvakaita sekuti unenge usingade kuti mbeu yako ife kana uchida kukohwa ipapo ipapo, mushure mekudyara kwaunenge waita. Jesu akati kana mbeu ikasadonhedzrwa muvhu ikafa, haibereke. Hazvinei kuti painenge yadonha mbeu inenge yakadonha nerutivi rwupi, chakakosha ndechekuti idonhere paivhu rakakorera uye kuti ife. Usanetseke kuti inozomera sei, zvisiyire kumbeu, kuivhu nekuna Mwari. Pauri kutevedzera mutemo wekudyara nekukohwa, uchaona zvauchakohwa zvichikushamisa, uye hwaro hwehupenyu hwako huchashanduka nenzira inoshamisa.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ini ndinodyara kuhushe hwaMwari uye ndinokohwa, tarisiro yangu haiwire pasi nekuti mbeu yese yandakadyara yakafa. Ndichakohwa zvaka wanda ndigorumbidza zita raMwari. Hare-ruyah!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Johani 12:24



**Mapisarema 24:1**  
**Nyika ndeya Jehovha nokuzara kwayo**  
**Nyika yose navageremo.**

Ndinoziva kuti vanhu vanoda kupfuma, chinova chinhu chakanaka! Vamwe vanonyatsokuudza kuti ndirikuda kutsigira basa raMwari, nekupa mari kuitira kuti vchangeri riende kunyika dzese, zvinova zvinhu zvakanakisisa. Chokwadi: kana tichitaura nyaya yekupfuma, Mwari havanyare kupfumisa munhu. Mwari vanoti goridhe nesirivheri ndezvangu, uye ndine mombe zviuru pamakomo zviuru. Vanhu pavanoti ndine danga remombe, Mwari vanenge vachiti ndine zviuru zvematanga emombe. Vhesi redu ranhasi rinotiratidza kuti Mwari ndiye muridzi wenyika nezvese zviri mairi.

Ongorora kuti Mwari ndiye muridzi wezvese kusanganisira newe, saka anogona kupa chero waada zvaainazvo. Mwari varikuda kuti uvenzira yavanoshandisa kuti vape vamwe vanhu maropafadzo. Saka vanoda kuti ropafadzo ravo ripfuure nekwauri richienda kune vamwe vanhu. Ndirikukurudzira kuti ubvumire ropafadzo raMwari kuti ripfuure nepauri uone makuriro aunaita, uchishandiswa zvakare kuwana mamwe maropafadzo aMwari, mugore rino rekuona denga pane rino pasi!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndiri dura raMwari remaropafadzo avo, ndiri nzira yavanoshandisa kupa maropafadzo kunyika yese. Hupenyu hwangu huchava ropafadzo kune vamwewo vanhu, ndichazadzikisa hwaro hwehupenyu hwangu kuburikidza nekuratidzira kwangu kubwinya kwaMwari kwese kwandinoenda. Amen!

## MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinde 10:26

**3 Johani 1:2**

**Mudikanwa ndinoshuva pamusoro pezvinhu zvese kuti ubudirire, uve wakasimba somweya wako uchibudirira**

Zvakakosha kuti tinyatsonzwisisa kuti mazwi maviri anoti shungu nemuono, anorevei murwendo rwedu semaKristu. Kuva neshungu kunechekuita nekuda kufadza vanhu vanenge vachiona zvirikuitika kwauri. Zvine chekuita nekuti vanofungei uyekuti vanotikana vachikutarisa iwe woda kuratidza kugona kwako. Saka shungu dzako dzinenge dziri dzekuitira kuti vanhu vakuone uye izvi hazvina Mwari mazviri, chinova chinhu chine njodzi.

Kune rumwe ruoko tine muono, uyo unotarisa mukati, nekuti zvaunenge uchiita unenge uchiitira Mwari. Muono

une chekuita nezvinofungwa naMwari, uye mhedzisiro yacho ndeye-kuti zvaunenge uine muono nazvo zvinopedzisira zvabatika panyama. Vhesi redu rinoratidza kuti Mwari vanoda kuti ubudirire, uye vanehanya nekuti uve nehutano hwakanaka. Kana paine chinenge chichipesana nekuitika kwezvinhu izvi kwauri zvinenge zwichibva kune wakaipa. Jesu arikuvaka kereke yake uye maghedhi egehena haabudirire saka tora nzvimbo yako muchiono chaMwari chekusiya gehena risina munhu asi denga razara nevanhu.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndine muono wakajeka, ndichaenderera mberi ndichifamba naMwari kuitira kuti ndivabatsire pakuzadzikisa kuda kwavo pane rino pasi. Ndinotendeutsa vanhu, sechikamu chechirongwa chaMwari mumazuva ano ekupedzisira. Ndinofanirwa kuona kuti nhau dzakanaka dzenyasha dzaMwari dzasvika kumativi mana enyika nezita raJesu. Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 Petro 4:8



**Ruka 1:10**

**Vanhu vazhinji vose vakange vachinyengetera kunze nenguva yokupisa zvinonhuwira.**

Nguva kana yakwana inonzi "HORAH" uye ndiyo nguva inoitwa chinhu kumunhu chakakosha naMwari. Vhesi redu rataura pamusoro penguva yokupisa zvino nhuwira, uye ndiyo nguva yaipisa Zakariya zvinonhuwira. Vhesi iri ririkutaura pamusoro penguva apo Zakariya aipisa zvinhu zvinonhuwirira paaritari yaMwari. Nguva ya Zakariya yakange yasvika nekuti ndiyo nguva yakange yasarudzwa naJehovha yekuti varatidze kubwinya kwavo kuna Zakariya nemudzimai wake Erizabethi. Ndirikuda kuti uongorore kuti zita rekuti Zakariya rinoreva kuti "Mwari anorangarira" rekuti Erizabethi rinoreva kuti "Mwari anochengetedza chivimbiso". Saka panguva ye Horah Mwari vakarangarira chivimbiso chavakange vakaita kuna Zakariya nemudzimai wake, uyo akange aringomwa.

Mwari vakarangarira kuzadzikisa chivimbiso chavo kuna Zakariya maErizabethi, mukadzi aizikanwa nevanhu vese kuti akange ari ngomwa!

Nzwisisa kuti nguva yaMwari yakakodzera inguva yeHorah apo Mwari nehuchenjeri hwavo vanorangarira kuti yave nguva yekuti vachizadzikisa hurongwa hwavainahwo hweupenyu hwako. Ongorora, Erizabethi akabereka Johani uyo akaenda pamberi pehushumiri hwaJesu achizivisa pamusoro pahwo. Kwakange kuri kuronga kwaMwari kuti mazuva ekuberekwa kwaJohani naJesu asasiyane. Rangarira nhasi kuti hazvinei zvaurikusangana nazvo kana zvirikukuteverera Mwari vanorangarira uye vanozadzikisa zvivimbiso zvavo. Urikubuda chete, nguva yako yakwana nezita raJesu.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikufamba panguva yangu ye Horah, Zvinhu zvakanaka zvakuzoitika muhupenyu hwangu uye Mwari vega ndivo vachapihwa mbiri. Ndichapupura chete mugore rino rekuona denga pane rino pasi! Amenii.**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 141:2



### 2 Madzimambo 6:1

Zvino vanakomana vavaporofita vakati kuna Erisha, Tarirai zvino apa patigere pamberi penyu pakamanikana, hatiparingani.

Vazhinji venyu munozivaka gakanje. Kune zvakakosha zvinoitika parinokura nekuti harikure riine goko pamusoro paro. Goko iri rinobva mukati maro rokura uye rinoramba richingogadzira goko pese parinenge richikurira. Gakanje rinorwadziwa nezvinenge zvichitika kwari. Saka newewo pakukura kwako unosangana nezvinokurwadza, asi zvinenge zvichikukwenenzvera, izvo zvinokanganisa kukura kwako zvichibviswa pauri.

Vhesi redu rinotiudza kuti vanakomana vevaprofita vakange vavekuzwa kuti pavakange vagere pakange pave padiki pamanikidzika. Ona kuti kunyangwe vaida kugara pakafaranuka, vaiona kukosha kweku gara vaine munhu wavo waMwari. Vanakomana vevaprofita vakaona kuti kuti vakure vaifanirwa kugara nababa vavo vepamweya. Saka kana uchida kukura muhupenyu hwako, unofanirwa kuramba uchinzwa izwi rababa vako vepa mweya; iva nechido chekuzwa izwi raMwari nekutenda mariri nguva dzese.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikukura murwendo rwangu rwepamweya, hupenyu hwanangu hurikusimukira, uye bhizimusi rangu ririkukura. Ndirikuona mari yangu ichiwedzera neniwo ndichikura pamweya, hupfumi nepfuma ndezvangu nezita raJesu. Amen.

### MAVHESI EKUVERENGA

Joshuwa 17:14

**VaRoma 6:11**

**Saizvozvo nemiwo muzviti makafa kuzvivi, asi kuti muri vapenyu kuna Mwari muna Kristu, Jesu Ishe wedu**

Vara rekuti pamusoro rinoreva zvinhu zvinodarika zvinoitika panyama, zvisina kujairika. Saka kana tave kutaura pamusoro pehupenyu hwepamusoro, tirikutaura pamusoro pehupenyu hunodarikazvakajairika kuitika, hupenyu husina magumo. Uhwu hupenyu hwekuti kana ukarwara nechirwere chemwoyo, unongochiudza nezwi rako chete kuti chipere zvobva zvaita sekutaura kwaunenge waita. Ukaita dambudziko kubasa, unongopinda muhofisi yako, wovhara musiwu wosimudza maoko ako, woti ndinotayira kuti pavenerunyararo nezita raJesu, mamiriro ezvinhu iota sekutaura kwaunenge waita.

Vhesi redu ranhasi ririkuti urimupenyu kuna Mwari, Vakomana ka! Zvinoreva kuti hupenyu hwauri kurarama urikuharama naMwari! Wakafa kuchivi uye nekumatambudzikpo anosanganikwa nawo pane rino pasi. Hupenyu hwako ndehwepamusoro kudarika zvakajairika kuitika. Hareruya! Ukabatisisa chizaruro ichi, uchararama hupenyu hunonakidza semuKristu! Hupenyu hwekuti unenge uchingofara, uye uine rugare nerunyararo nguva dzese, mazuva manomwe pasvondo, zvisineyi nekuti chii chinenge chichiitika munharaunda maunenge uri! Pemberera! Urimupenyu muna Mwari!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Hupenyu hwandinorarama hauna kujairika! Hwangu hupenyu ndehwepamusoro pezvinoitika pakurarama. Ndakasimudzirwa muna Kristu uye zvinhu zvese zviriri maererano neni zvichafamba zvakanaka nhasi nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 Johani 4:4

**Mateo 8:21-22**

**Mumwe wavadzidzi akati kwaari, Ishe ndifenderei hanyu ndimbonoviga baba vangu. Asi Jesu akati 'Nditevere, rega vakafa vavige vakafa vavo'.**

Paunotanga kuverenga vhesi iri uno-funga kuti Ishe Jesu vakaratidza hukasha uye kushaya hanya pavaitaura nemudzidzi uyu. Apa vakange vari baba kwete shamwari kana hama yekure yakange yafa. Ngationgorore zvakadzama chidzidzo chirimuvhesi iri kwatiri.

Kana Ishe Jesu vachitaura pamusoro pevakafa vachiviga vakafa varikureva avo vakafa mune zvemweya. Vari-kutiratidza kuti kune vamwe vanhu vanenge vachifamba vachitaura asi vanenge vasiri vapenyu kuna Mwari.

Vanonzi vanhu ava vakafa nekuti havazive nezvababa vekudenga uye kuti kune nyika yemweya.

Kana waberekwa patsva, unobva wanyatsoziva nezvamweya mutsvene uye unobva wazivawo kukosha kweshoko raMwari. Unozi-va kukosha kweshoko raMwari uye wotanga kurirarama mazuva ese! Unobva waziva pamusoro pesimba raMwari reku-poresa, wozivawo nezvekururama kwavo, hupfumi hwavo nehuchenjeri hwavo! Zvinoita nyore kuti Mwari vakudzidzise nekukutungamirire kubva mukati neku-ti unonzwa kubva kwavari. Ramba uchirarama hupenyu uhwukubvira nhasi. Hauna kufa!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndiri mupenyu muna Mwari. Simba ravo, kubwinya rudo nen-yasha zvawedzera mandiri. Ndirikukunda nhasi pamabasa angu ese andiri kuita nezita raJesu!**

**MAVHESI EKVVERENGA**

Johani 15:19

**Johani 15:18**

**Kana nyika ichikuvengai, muzive kuti yakandivenga isati yakuvengai imi.**

Ndinonzwa hangu maKristu akawanda achichema chema kuna Mwari vachiyedza kunzwisa kuti sei vachivengwa zvakadaro. Pamwe iwe urikuverenga gwaro rino urikutosananawo nekuvengwa, uye hausi kunzwisa kuti sei zvichidaro. Usatsvage kure, ongorora vhesi ranhasi.

Nzwisa kuti pawakangobvuma chete kutevera Jesu wakabva watobvuma kushungurudzwa nevavengi, wakatozvidaidzira vavengi vakawanda.

MuKristu wese wechokwadi anoto shungurudzwa, kubasa kuchikoro mumhuri mukati meshamwari kana

vamwewo vanhu vaasingazive. Mwari havana kufinyepera Vakati muna Johani 16:33: "Zvinu izvi ndakakuudzai, kitira kuti muve mandirimonwana runyararo. Munyika munoshungurudzwa: asi farai nekuti ndakakunda nyika."

Urikuzviona here izvi? Ukukukurudzira kwakanaka! Hongu unoshungurudzwa, hongu nyika inokuvenga. Asi URIMUKUNDI! Saka chirega kuzvinzwira tsitsi uvenepfungwa idzi mauri dzekukunda. Mwari wedu vakapindana nazvo zvekuvengwa nekushungurudzwa izvi vakakunda kuti vakuratidze kuti newewo unokunda. Saka fara. Zvese zvakatokunakira!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Nhasi ndipo patanga kuitika kwezvakanakisisa zvehupenyu hwangu hwese! Hapana chinhu chiripanyika ino chine simba rekundimisa kuti ndibudirire nezita raJesu. Hareruyah!**

### MAVHESI EKUVERENGA

1 Johani 4:4

**Mateo 11:28**

**Huyai kwandiri mese makaneta maremerwa ini ndichakuzorodzai.**

Ishe vedu Jesu vanoshamisa! Musimboti wehupenyu uye ndivo tsime rezvese zvinoshamisa. Ndivo mufaro, runyararo rudo uye zvese zvavo zvakakanaka. Chim-bopafunga nyasha nerudo zvavainazvo zvekuti vanokuudza kuti uuye kwavari pasina mubhadharo kana uchinge wasangana nedambudziko. Mwari wangu! Kuremekedzwa kwakadii kwatakaitwa uku hama vadiwa. Unokundikana sei pakadai?

Svondo rino usatye, usatatarike, usacheme ramba wakatarisa kuna Jesu. Kune kuzorodzwa kwavanokupai. Apo urikugadzirira kunyora kana kuitawo rimwe basa rangarira kuti vanogara

mauri. Zvinioreva kuti vanokubatsira kudarika dambudziko rese raun-osangana naro uye zvinoitika nyore nyore.

Paunongotanga hukama navo unenge watopedza kutsvaga, wasvika, wakunda. Siyana nemitoro, uwusiye patsoka dzake wombundira baba vako. Mavari unenge urikumba, hakuna nzvimbo yakanaka yakakosha sekumba!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Huvepo hwaMwari mandiri hunondibatsira. Zvinoita kuti ndikunde pazvose zvandinosarudza kuita nhasi. Ndine runyararo! Hareruyah!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mapisarema 55:22

**VaEfesu 6:11**

**Shongai nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari mugone kumira muchirwa namanoa Dhiabhorosi.**

Kuti unyatsonzwisisa vhesi redu ranhasi ndinokukurudzira kuti uongorore vara rekuti, "shonga," endyō nechiGiriki, iro rinoreva kunyura uchinyatsopinda munhumbi dzaMwari dzokurwa nadzo. Ukazvinyudza muchinhu, zvinoreva kuenda pasi pakadzika pechinhu ichocho. Vamwe venyu munomboona mafirimu evanhu vanenge vachinyura saka kana uchipfeka nhumbi dzaMwari dzekurwa nadzo sembatya unenge wakavharika kwese pasina kana chako chinenge chichi onekwa.

Kereke haisati yanyatsowana chizaruro chakwana pamusoro penhumbi dz-

aMwari dzekurwa nadzo. Kana usina kushonga nhumbi idzi zvakakwana, haukwanise kuita zvinozotaurwa pamberi pevhesi iri, apo parikunzi ugokwanisa "kumira".

Ongorora: hausikurwa nemano mano ewakaipa chete kana uchinge washonga nhumbi idzi. Unenge wakatomira pachinzvimbo chekukunda, icho chaunowana ipapo ipapo paunoshonga nhumbi idzi. Unenge watoparadza zvese zvingapokane newe, paunongodzishonga. Zvinoreva kuti chinangwa chekurwa ndechekuti ukunde. Wakatokunda kare mna Kristu. Unofanirwa kuramba wakamira nokuchengetedza chinzvimbo chekukunda ichi chawakawanirwa kare.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakashonga zvakakwana nhumbi dzaMwari dzekurwa nadzo, izvo zvinoita kuti ndikwanise kuparadza chese chinopokana nehupenyu hwangu nhasi. Ndakatokunda kare muna Kristu, saka NDINOMIRA!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 6:11-18



**Johani 10:27**

**Makwai angu anonzwa izwi rangu; neni ndinoaziva uye anonditevera.**

Mazuva ano maKristu akawanda ari-kuita dambudziko rekuti anenge achiti arikuda kunzwa zvinenge zvichitaurwa nababa vedu vekudenga, asi ivo baba vacho cavhitaura navo mazuva ese. Vanofunga kuti Mwari vakanyarara asi ivo vachitaura. Iri idambudziko rinowanika nekuti vakawanda havateerere mweya mutsvene anenge achitaura ari mukati mavo. Rega ndikuudze kuti sei zvakadaro. Muna vaRoma 8:14, bhaibheri rino-ti "Wese anotungamirirwa namweya mutsvene, mwanakomana waMwari." Urikuzviona here izvi? Ikodzero yako, kuti unzwe baba vekudenga vachitaura. Hachisi chinhu chekutsanyira kana kumata pamusoro pacho.

Iropafadzo rakakura zvikuru kana uchinge uina mweya mutsvene achigara mauri. Anokubatsira uye ndiye anoita kuti ubudirire muhupenyu. Saka unofanirwa kuzviongorora izvi woshandisa huvepo hwaMweya Mutsvene nekutungamirira kwake kuti zvikubatsire. Unofanirwa kumubvumira kuti akutungamirire kuburikidza nekuramba kwako uchiwadzana naye.

Paunowana nguva yekuwadzana naye uchikurukura naye zuva rese, unenge uchinzwa kurayira kwake. Unoona izwi rake wave kunyatsoriziva uye muhupenyu hwako unenge usisina zvinokunetsa sezvo anenge achikutungamirira. Unoona wave kurarama hupenyu hwakanakwa hwakazara nekubwinya kwake.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndine nyanzvi inondirayira nguva dzese zvinova ndizvo zvinoita kuti ndigare ndiri pamusoro nguva dzese. Nhasi ndinobudirira panezvese zvandichange ndichiita. Ndina baba vangu mandiri; handikundikane!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisaremas 16:7



**1 Timoti 4:12**

**Munhu ngaarege kuvapo anozvidza huduku hwako asi uitire vanofenda makwara pashoko napamufambire naparudo napaMweya napakutenda napakuchena kwomwoyo.**

Takapihwa shoko raMwari kuti ritivake, kutirayira nekuti gadzirisa izvo zvinoitika kuti tifambe munzira dzakarurama nguva dzese. Vhesi redu ranhasi ririkutikurudzira kuti tigare tirarame hupenyu hwakarurama uhwo hunova muenzaniso kune vamwe. Mazuva ano zvave kukosha zvikuru kurarama hupenyu hwakarurama chinova chinhu chisisanyatsowanikwa mukati medu.

Rangarira kuti tave mumazuva ekupedzisira. Sarudza kuva muKristu akarurama anehunhu nezviito zvisingabvunzwe. Vamwe havagone kubata vamwe zvakanaka, dzingave hama dzavo kana

vavovashandira kana vakuru vavokumabasa. Hunhu hwavo nezviito zvinenge zvichipokana nechikristu. Ndirikukurudzira kuti uchinje maitiro kubvira nhasi, kana tsika dzako nemagariro zvichipesana nezvinodiwa neshoko raMwari.

Iva munhu anezvinangwa zvakanaka nguva dzese. Shandura mifungo yako kuburikidza nekuverenga kwako soko raMwari, woona zvakare kuti zvaunoda kuita zvinenge zvienderana nezvinodiwa naMwari mushoko ravo. Iva muKristu wechokwadi, mumwoyo mako nepazviito. Ita kuti munhu wese paanokuona anoona Kristu. Shandisa shoko raMwari pakugadzirisa kwako maitiro ako, zvinangwa zvako nepfungwa dzako. Ukagara uchidai, unogara urimukubwinya kwaMwari nguva dzese!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirimuenzaniso wakanaka wezvakaite babavangu vekudenga. Vanhu pavanondiona, vanoonaMwari nekuti ndinoratidza chiyedza change, munyika inerima uye ndakaropafadzwa kuti ndiite saizvozvo nezita raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 Petro 1:14-16

**1 Petro 4:7**

**Zvino kuguma kwezvinhu zvese kwave pedyo naizvozo ivai vakachenjera, musvinure kuti munyengetere.**

Zvirikuitika mazuva ano pasi rese zviri-kuratidza pasina kupokana kuti Ishe vavepedyo nekudzoka, uye mazuva acho aswedera zvisinga fungirwe neveruzhinji. Tirikurarama mumazuva ekupedzisira, kwekupedzisira chaiko. Unogona kuona sekunge zvandirikutaura zviri zvinhu zvisina kufanira parizvino, sezvo tavakuda kupinda munguva yekupemberera kupera kwegore; zvichikurudzirwa kuti vanhu vangotaura zvakanaka chete uye zvinofadza. Asi ndirikukuudzai vakoma vangu nehandzvadzi dzangu, tinofanirwa kugara takarindira mumweya mazuva ano kudarika zvataimboita kare.

Mashoko ari pamusoro pekudzokazvakare kwaishe Jesu haafanire kusuwisa kwete! Kuberekwa kwavo nehupenyu hwavakararama pane rino pasi, uye kufakwavo nekumuka zvakare zvakaunza kusunungurwa kwauri nen! Vhesi ranhasi ririkutikurudzira kuti tisvinure, zvichireva kuti tinofanirwa kugara tichiziva zvirikuitika munyika yemweya, fisavarairwe nemabiko, kana kukanganwa chinangwa chatinenge tichitira mabiko. Garai muchinyengetera nguva dzese uye makasvinura.

Panguva ino yatirikuita mabiko ekucherechedza kisimusi negoredzva, chipo chakakosha chaunogona kupa vanhu, kuvatendeutsa kuti vatambure Ishe Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu hwavo. Kune vakawanda vasati vagadzirira kudzoka zvakare kwaishe Jesu. Ibasa rako kuona kuti kune vanhu vakawanda vaunotendeutsa. Saka panguva yemabiko iwe ita basa re-kutendeutsa vanhu vadzoke kuna Kristu.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirikuzvipira kutendeutsa vanhu vakawanda kuti vatambire Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu hwavo. Ndichatendeutsa vanhu vakawanda panguva yatirikupinda yekupemberera kupera kwegore kudarika zvakamamboita nezita raJesu! Amen.**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mateo 24:44

**VaRoma 8:31**

**Zvino tichatiyiko pazvinhu zvese? Kana Mwari achitirwira ndiyaniko uchatirwisa?**

Usambofa wakabvumira vavengi kana avo vanokutsoropodza kuti vadyare kutya mukati mako. Zvirinyore zvikuru kuti uzvinyepere uchifunga kuti vanhu ivavo vanenge vachitaura vakamiririra Mwari asi ivo vari zvimhingamupinyi zvinenge zvatumirwa nemuvengi kuti zvizokukan-ganisa. Kana vanhu vachipedza mari yavo nesimba ravo vachiyedza kuku-wisira pasi, iwe usatye. Ndicho chiratidzo chekuti ndiwe uneyese. Ukaramba waka-tarisa chinangwa chako uchaona kuti ivo ndivo vanodonha iwe uchienderera mberi uchibudirira. Urikuona here kuti vhesi riri kukuyeuchidza kuti Mwari varikurudivi rwako saka ndiyaniko anogona kukurwisa?

Hazvinei kuti vanhu vanenge vachitaureyi iwe enderera mberi uchikura; uchikunda; uchienderera mberi nehupenyu hwako. Usawane kana chinhu chimwe chete chinokumisa. Ukawona vanehukuru cachikurwaisa zivavo kuti kubwinya kurimuhupenyu hwako ndekwepamusoro. Svondo rino kana urikupinda pari kuitirwa musangano kubasa pinda wakasimudza musoro uchiziva kuti hausi wega asi una Mwari vakuru parutivi rwako vanenge vachikurwira.

Tichiri mugore rekuona denga panerino pasi. Kana usati waona zvakanaka zvichitika kwauri gore rino, vimba neuyo arikukurwira, uye kuti anesimba rekupidigura zvinhu zvichikunakira izvezvi, kwete mangwana IZVEZVI!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Mwari vaneni. Ndiyaniko angandirwisa? Ndinovimba nekubudirira kwangu, uye ndizvo zvicharamba zvichingoitika muhupenyu hwangu nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Johani 16:33

**Mapisarema 16:11**

**Munondiratidza nzira yohupenyu. Mufaro wakazara uripamberi pangu; Paruko rwenyu rworudyi panezvinofadza nokusingaperi.**

Vhesi ranhasi rinoitiyeuchidza kuti huvepo hwaMwari mumweya wako hunounza rufaro rwusinganzwisike muhupenyu hwako. Tirikutaura pamusoro perufaro rwusina anogona kutsanangura, urwo rwunotovhundutsa kana iwe, nekuti unoramba wakadzikama usina chinokuvhundutsa kana kukutyisa mukati menyika ino izere nerima kudai.

Unoona zvakanaka pamusoro pemufaro ndezvekuti hauuye wega. Kana wauya mukati memweya wako, unounza rufaro, runyararo nekuseka. Unongoona kunetseka kwavekungopera uye wavekungobwinya zvekuti vanhu vanotobvunza kuti

urikushandise kuzora kumeso, vaona kubwinya kunenge kuchiita ganda rako?" Asi zvinenge zvichitika kwauri zvinenge zvichikonzerwa nemufaro waMwari unenge uchibuda mukati mako uchionejera kunze, hareruyah!

Chengetedza mufaro waMweya mutsvene uchikwata muhupenyu hwako. Ramba kuwora mwoyo kana pakaitika chinhu chinenge chichida kukushungurudza mumwoyo mako. Nyatsopodza zvese zvingade kukushungurudza kuburikidza nemufaro washe unenge urimumwoyo mako, uye nekuseka zvokuunzira kukunda.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Mukanwa mangu makazara mufaro nhasi! Ndirikuwana simba nekuti mufaro washe ndiro simba rangu! Ndichaenderera mberi ndiine mufaro mazuva ehupenyu hwangu hwese nezita raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 Petro 1:8

**Zvirevo 18:24**

**Munhu aneshamwari zhinji anoparadzwa; asi shamwari iriko inonamatira kupfuura hama.**

Zvinoita kuti vadikanwa vako neavo vanenge vari pedyo newe kuti vakugumbure panguva yaunenge uchivadisisa kuti vakubatsire. Ndine chokwadi chekuti munhu wese arikuverenga rugwaro rwuno akambosangana nezviyero zvakasiyana zvezvazvandataura izvi. Asi kune munhu mumwe chete asingambofa akakugumbura, uye asingakundikane, zvisineyi kuti inguva ipi yaunenge waita dambudziko, uye munhu uyu ndiJesu Kristu. Musi wawakapa hupenyu hwako kwaari, nekuva nehukama naye, ndiwo musikazvipirawo kukubatsira zuve rega rega rehupenyu hwako, kuburikidza naMweya wake mutsvene ari mauri. Ndiye ari

padyo newe nguvadzese! Hareruya!

Paurikuvamba svondo itsva, taura naye. Mubvumire kuti akutungamirire, bvuma kuti huchenjeri hwake hushande mauri. Vhesi redu riri kuti ishambwari inonamatira kudarika hama 'kunamatira kudarika'zvinoreva kuti panenge pakashandiswa namo kubatanidzai. Hakuna kumwe kwaari kuenda, vakoma vangu nehandzvadzi! Uneshamwari inodikanwa yakavimbisa kuti ichange iinewe kusvikira kuma gumo enyika, uye haasi kuzodambura chivimbiso chake. Pemberera, wakanamatira kuneanogonesesa!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Mbiri, Hareruya, Mwari vangu vari mandiri, shamwari yangu yepedyo, iye ega wandinovimba naye! Hupenyu hwangu hwachinjwa zvachose. Handichamhanya, asi ndakubhururuka pakuzadzikisa mabasa angu nhasi nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Johani 14:8

**VaRoma 12:2**

**Musaenzaniswa nyenika ino asi mushandurwe murangariro wenyu uchivandudzwa kuti muidze muzive kuda kwaMwari kwakanaka, kunofadza kwakakwana**

Unomboziva here kuti pfungwa dzako hadzina magumo uye kuti dzine simba rekusika chero chipi chinhu chaunenge uchida, uye kuti nepfungwa dzimwe chete idzodzo unokwanisa kusika nyika yako yaunoda uchiishandisa pfungwa idzoidzo chete mune zvakanaka? Kana ukashandisa simba repfungwa dzako, une zvakananda zvaunogona kuita uye zvisina magumo. Unogona kuva chero chii chawada uye unogona kushanda kwawada nekusimukira kusvikira kunzvimbo dzepamusoro, pamweya. Hakuna chaunotadza kuva kana chaunotadza kuita.

Vhesi redu ranhasi ririkuzviburitsa pachema kuti unokwanisa kurarama hupenyu hwakanaka, hunonakidza nguva dzese; uye izvi zvinokwanisika kuburikidza nekupidigura kwako pfungwa dzako uchishandisa shoko raMwari. Mamwe maKristu avenenguva yakareba zvikuru achinamatira kuti kuitike shanduko muhupenyu hwawo, vasingazive kuti zvavari zvirikukonzerwa nemashandiro anoita pfungwa dzavo. Chingofunga kuti pfungwa dzako ndiya kambani inosika zvinhu zvese zvaunoda kuwana muhupenyu, uchishandisa shoko raMwari, zvinoita kuti chese chaunenge wagadzira chinge chakanaka nguva dzese. Tora bhaibheri rako wotanga kusika zvaunoda. Unoona hupenyu hwako hwashanduka!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Pfungwa dzangu muchina unoshandisika kuti ndipidigire mamiro akaita zvinhu muhupenyu hwangu, Saka ndinodzishandisa kutambanudza zvese zvehupenyu hwangu kubvira nhasi. Zuva rangu richaita zvibereko, uye ndirikubudirira pane chese chandichaita nezita raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 Timoti 2:15

**VaFiri 4:13**

**Ndingaita zvinhu zvose naKristu unondisimbisa.**

Ndirikuda kuti utarisise vhesi iri zvakare unyatsorinzvera. Unoona kuti MuApostora Pawuro havana kuti “Ndinokwanisa kuita zvinhu zvese nekuti ndakachenjera kana kuti ndakaenda kuchikoro kana kuti ndine hoche koche nevanhu chete, kwete.” Kubudirira hakuneyi nezvaunogona kuita; zvese zvinoitwa naKristu nehushumiri hwake mauri uye kuburikidza nese.

Paurikuwedzera kunzwisisa zvandirikutaura izvi, mifungo yako irikusimba, zvekuti urikubva watanga kuvaka hupenyu hwako, nekugoneswa kwako munaKristu kunobva kwatanga kuratidzika. Uchangoerekana wave

kukodzera kupinda munzvimbo dzepamusoro dzawaimbonzi hauna kukodzera kunge uri madziri. Unoona wave nematarenda awaisaziva kuti unawo uye kuita zvinhu zvawaifunga kuti haukwanise kuitira hushe hwaMwari, nekuti unokwanisa kuita zvinhu zvese. Usambofa wakazvitarisa uchizviona semutera. Ishe Jesu Kristu muzodziwa nezodzo ravo vanogara mauri, nekuzara kwavo kwese. Hakuna chisingaitike kwauri kubvira nhasi. Zvasarira kwauri kuratidza mabasa aya!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Kristu anogara mandiri; saka ndizere nezvakawanda zvandinokwanisa kuita uye kuwaniswa mikana. Ndinobudirira pane chese cahndichaita nhasi, hapana chinoramba nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Marko 11:23

**Genesisi 8:22**

**Nguva yose yenyika kudyara nokuche-ka, kutonhora nekudziya zhizha nechando, masikati nehusiku hazvingagumi.**

MaKristu akawanda haafarire nhau dzekupa, asi anoda kugamuchira, vasingazive kuti musimboti urimushoko raMwari unokonzeresa kuwedzerwa kwemari, kupa. Tinodzidzawo kubva kuna Ishe Jesu Kristu avovakati zvakaropafadzwa kupa pane kugamuchira (Mabasa AvaPostori 20:35). Saka ropafadzo hariuye kune anotambira asi kune anopa.

Kupa kwaunoita kuna She kunoita kuti uite mubatanidzwa nezvese zvinounza ropafadzo kwauri, kwete nemaropafadzo anhasi chefe asi neemangwana uye neemazuva arikutevera kudzamara nekusingapere. Vhesi riri pamusoro

muna Genesisi rinokupa chivimbiso chekuti uchaona mwakaichipidiguka muhupenyu hwako sekuona kwaunoita kupidiguka kunoita husiku achiva mangwanani, nekuti ndizvo zvinoitika pakupa nekuwana. Hazvigone kuti uvemunhu anopa nguva dzese woita murombo, hazviite!

Ibva wafarisisa, pese paunowana mukana wekupa. SemaKristu hunhu hwedu hunofanira kutodza hwababa vedu vekudenga avo vakapa mwanakomana wavo akange akakosha Ishe Jesu, kuti tiwanhirwe nyasha dzedzikinuro. Ndosaka tirikuita mmemberero dzeKisimusi – Inyaya yekupa!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndakaropafadzw kuti ndipe. Matura angu achaenderera mberi achingofashukira, kuburikidza nekudyara kwangu uye mhuri yangu haimbofa yakashaya chero chipi chinhu. Hareruyah!**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 9:8, Ruka 6:38



**2 VaKorinde 5:18**

**Asi zvinhu zvose zvakabva kunaMwari wakatiyananisa naye naJesu Kristu akatipa kushumira kwokuyanana.**

Bhaibheri rinoti muna Ruka 19:10, "Nekuti mwanakomana wemunhu akauya kuzotsvaga nekudzikinura icho change chakarasika." Uku ndiko kukomberwa kwebasa rakauya kuzoitwa nalshe Jesu pane rino pasi. Vasati vadzokera kudenga, Ishe vakapa basa kukereke rekuti iparidze shoko ravo kuvanhu vese pasi rese, kuti vawane hupenyu husingapere. Ndiho hushumiri hwekudzorerwa kuna baba vekudenga, uye Ishe Jesu vakatipa basa iri. MuKristu wese anehushumiri hwekudzikinura vakarasika, vobviswa murima nemusimba raSatani vachiita vana vaMwari.

Ndinogara ndichiti tese tiri vashumiri uye takapihwa basa rekuparidza vhangeri reNhau Dzinonakidza dzaJesu Kristu kuvanhu vese pasi rese. Kubvutwa kwevatsvene kwavepedyo, uye tirikushanda pamwe chete naye mukutendeutsa vakarasika nekuparidzira nyika yese evhangeri reruponeso. Usanete pakuita basa rekutendeutsa vakarasika. Nguva yeKisimusi yegore rino, mukana wakanaka wekuti ubatsire mumwe munhu kuti atendeuke. Saka ndicho chipo chaunogona kupa avo vasati vapahupenyu hwako kuna Kristu.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Mashoko angu akazodzwa naMweya Mutsvene kuti ndiparidze vhangeri reruponeso kune vakarasikauye nekuvapa maropafadzo ari munhau dzakanaka dzalshe Jesu Kristu. Vakawanda vachatendeuka , uye votambita hupenyu husingapere nezita raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Dhanieri 12:13



### 1 Makoronike 16:29

**Ipai Jehovha kukudzwa kunofanira zita rake, Uyai nechipiriso, uyai pamberi pake, Namatai kuna Jehovha munenguwo tsvene.**

Apo gore rekuona denga panerinpasi ravekuswedera pedyo nekupera kunekubwinya zvakakosha kuti tiwane nguva yekutenda Mwari, tichitenda maropafadzo avo avanotidururira mukati mehupenyu hwedu. Ita kuti zuva ranhasi ringe rakakosha, uswere uchifara uchipemberera uchitenda kukuropafadza kwavakaita mugore rese ra2023.

Ita mmemberero dzako uriwega kana kuti uine mhuri yako. Ngarive zuva rese rekuita mmemberero idzi, nekuti unenge uchitenda zvese zvawakaitirwa naKristu uye uchitenda nyasha dzavo pamusoro pehupenyu hwako.

Ramba kufunga pamusoro pezvirongwa zvisina kuzadzikiswa kana zvakakugumbura gore rino. Asi pemberera Jesu, wovimba navo kuti varikuto-natsa zvese zviru maererano nehupenyu hwako. Pembererawo pamusoro peshoko raMwari riri kushanda muhupenyu hwako nenzira yakakura. Pemberera kukupfumisa kwavakuita uye hutano hwakanaka hwavari-kukupa, runyararo nemufaro zvakakakupa gore rino. Vamwe venyu hamusi pamanga muchida kunge muri, asi tenda Mwari pamusoro pechipo chehupenyu, icho chinova chipo chakakosha. Tora nguva yakareba uchinamata uchirumbidza Mwari sechipo chako kwavari. Mwari vedu ndiMwari vakanaka!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Maita henyu baba vangu vakakosha nechipo chehupenyu hwamunondipa! Maita henyu nekushongedza hupenyu hwan-gu nekubwinya kwenyu. Ndirikupemberera nhasi ndichikurumbidzai uye ndichagara ndichidaro kudzamara nekusingapere.**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 13:15



**Joshuwa 1:6**

**Simba utsunge moyo. Nokuti uchagari-  
sa vanhu ava nhaka yandakapikira  
madzibaba avo, kufi ndichavapa ive  
yavo.**

Usambofa wakaora mwoyo semuKris-  
tu. Usaratidze chiso chakasuwa, kana  
kuzvitsoropodza pamusoro peku-  
kanganisa kwaunenge waita, kana  
kuchemedzwa nezvaunenge waitwa  
nevamwe. Hausiriwo mufungwa wa-  
takapihwa naMwari! Tinepfungwa dze-  
vakundi! Mukundi anoziva kuti anokun-  
da chete kunyangwe zviite sei.

Vhesi ranhasi rinotiratidza kuti matam-  
budziko atinosangana nawo mazuva  
ese kuti tinofanirwa kuita sei nawo.  
Havinei kukura kunenge kwakaita  
dambudziko rako, kana vavengi vako

ive uri kunzi, "Simba utsunge mwoyo." Kuora mwayo hakuitwe nemwa-  
na waMwari. Tinofanirwa kuti tisimbe uye titsunge mwoyo nguva dzese,  
kwete nguva dzatinoda asi NGUVA DZESE.

Izvi ndizvo zvinodikanwa vakoma nehandzvadzi dzangu. Mwari ndiz-  
vo zvavanortarisira kubva kwatiri. Ndizvo zvavakatarisira kubva kuna  
Joshuwa pakatanga hushumiri hwake, uye Mwari ndizvowo zvavari  
kuda kubva kwatiri nhasi. Kurira vadzivisi vako vese kuburikidza neku-  
satya. Wakatakura Kristu mauri! Ndiye rwiyo rwako uye nekudzikinurwa  
kwako!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndiri mukundi! Ndiyaniko kana kuti chii chingamire pamberi  
pangu? Ndakatsunga mwoyo uye ndine simba. Ndinokunda  
nhasi nekuti Kristu arimo mandiri. Hareruyah!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 27:1-3

**1 Petro 2:9**

Asi imi muri rudzi rwakananganurwa huPrista hwamambo, rudzi rutsvene, vanhu vaakazviwanira, kuti muparidze kunaka kwaiye wakakudanai, kuti mubve parima muuye kuchiyedza chake chinoshamisa.

Ukaongorora vhesi redu ranhasi uchaona kuti harisikuti, “Uchava ...” Kwetel! Nzwisisa kuti pane musiyano pakati pekupihwa chivimbiso naMwari nepavanongotaura. Apa, varikutaura zvinhu sezvazvirikuti IWE URI rudzi rwakananganurwa, huprista hwamambo, vanhu vaakazviwanira, rudzi rutsvene. Ndozvazviri. Hazvinei kuti izvezvi iwe urikuzviona saani. not.

Usambofa wakabvuma kuti haureve chinhu. Usambofa wakati hauna kusha.

Usambofa wakati ungorimunhuwozvake, nekuti vhesi ranhasi ririkupokana nazvo, Hareruyah! Gara uine pfungwa dzekukunda, uchinyatsoziva kuti wakakosha! Saka nyatsoratidza zvipo kugona kwako nehunyanzvi hwaKristu huri mauri, ndizvo zvinoitwa nevehumambo!

Saka nhasi tarisa kumberi uine hushing, Tanga zuva resvondo rino nhasi uchinyatsoziva kuti uri ani. Hausisiri murima chiyedza chaJehovha chirikupenya mauri zvekuonekwa nemunhu wese! Wakakosha, nhasi urikunobudirira!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirirudzi rwusingaparare, ndakazvarwa naMwari! Handirware, handikundikane kana kuneta. Ndinobudirira uye ndirimukundi nezirta reJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

2 VaKorinde 5:17



## 1 VaKorinde 2:12

**Zvino isu hatina kugamuchira mweya wenyika, asi Mweya unobva kuna Mwari kuti tizive izvo zvatakangopihwa hedu naMwari.**

Tine maropafadzo atakapihwa naMwari sevana vaker. Asi hapana paunokwanisa kuwana napo ropafadzo raMwari kana usingazive shoko ravo. Unowana nhaka yako mushoko raMwari, asi haisi nyaya yekuziva nhaka yako bedzi, nekuti pane zimwe zviripo. Rega nditsanangure.

Unogona kuziva nhaka yako kuburikidza neshoko raMwari asi unofanirwa kuti ikufadze unakirwe nayo, uye apa ndipo panopinda weya Mutsvene. Vhesi redu ranhasi ririkutiudza kuti Mwari vanotibatsira kuti tizive zviwanikwa

zvedu zvekudenga, zvinova zvinhu zvavakatipa pachena. Imbofunga mararamiro ekuti chawana wadya, uchigara paine hurwere uye pasina runyararo pane rino pasi, woziva wavekudenga kuti chiriko chai-gona kupedza matambudziko ako ese, kunova kuwadzana naMweya Mutsvene. Ndiye anotidzidzisa kuti zvatinoziva tinozvitaure sei. Ndiyo svumbunuro inoita kuti unakirwe nenhaka yako. Kutaura zvinotaure naMwari pamusoro pako uye kutenda kwako zvavanenge vakupa zvinaita kuti zvese zvikunakirel.

Taura! Paunogodaro chete zvinhu zvikuru zvinobva zvatanga kuitika muhupenyu hwako!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikutaura runyararo, kuporeswa kwedenga, hutano hwakana-ka, nehupenyu hune kubwinya ndzvengu nezita raJesume!**

## MAVHESI EKUVERENGA

Firimoni 1:6

**Ruka 6:47-48**

**Mumwe nomumwe anouya kwandiri akanzwa mashoko angu akaaita, ndichakuratidzai waakafanana naye, Wakafanana nomunhu wakavaka imba akachera akadzikisa akaiteya paruware; mvura zhinji ikauya ikarova imba iyo, ikasagona kuizungunutsa, nokuti yakange yakateiwa paruware.**

Ndinoona vanhu vakawanda vachivhiringika zvikuru kana mumwe mudikanwa munashe achinge adonha odzokera kunyika. Pane chinhu chakakosha chamunofanirwa kuti munzwise uye ndechekuti kuparidza shoko nekurarama mushoko racho zvinhu zviviri zvakasiyana. Unogona kunge urimuvhangeri anemukurumbira mukereke mako, uye uchidzidzisa vamwe pamusoro palshe Jesu mazuva ese asi shoko

risinga shande muhupenyu hwako. Inyaya yekuti kurarama mushoko kwakakosha kudarika kudzidzisa pamusoro paro.

Vhesi riruti uyo anouya kwandiri onzwa shoko oritevedzera kuriita haatadze kushanduka, hazvinei nedambudziko raanenge ainaro. Unogona kunge uripakaomesesa muhupenyu hwako asi vimba neshoko raMwari ririma. Kuziva Mwari nezvavakataura hazvireve kuti vakati havariitevedzere, vanorizadzikisa chete! Ukararama urimushoko hauna chinokuzungunutsa. Unenge wakatsika pakadzika uripadombo rinova shoko raMwari!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndakaisa midzi yangu mushoko raMwari. Hupenyu hwangu hwakarurama ndichigarandirimushoko raMwari ndiine hutano hwakanaka, pfuma nekukunda Hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Mapisarema 119:105

**VaHebheru 11:1**

**Zvino kutenda ndirwo rusimbiso rwezvinhu zvatinotaririra, umbowo hwezvinhu zvatisingaoni.**

Kana ukaverenga kubva panaGenesisi 11:1, unosangana nekutenda kwakasarudzika kwakararatidzwa naAbrahama. Akaudzwa naMwari kuti abve muimba yababa vake maakange agree zvakanaka, akakomberedzwa nevanhu vaaiziva, munyika yake, ayende kunzvimbo yakange isingazivikanwe kwayakange iri. Tinoziva kuti akangozviita asina kana kumbokakavadzana naMwari avo vakange vataura naye.

Unoona kutenda kunoda kuti uenderere mberi chete kuburikidza neshoko raMwari raunenge waudzwa. Vakakudza kuti ita chimwe chinhu, iwe

enderera mberi usina kubvunza kuti sei. Hakufanirwe kuitika makakatanwa pakati pako nezvaunenge warayirwa kunzi uite. Ndizvo zvakaite kuti Abrahama ave mudyi wenhaka yenyika yese, zvokamupawo zita rekuti: "baba vekutenda." Mwari vakamupa nyika yese nekuti akange azere nekutenda maari. Anofanirwa kunge akangofunga kuti nyika yese ndeyaMwari, saka hazvineyi kwandinenge ndanzi ndiyende ndinoteerera. Izvi ndizvo zvakaite kuti Mwari vamukomborere kakapetwa kagumir!

Sembeu yaAbraham, iva nekutenda saye. Shinga usazungunutswe. Teerera nekutevera zvinodiwa neshoko raMwari kubva kwauri zvisineyi nemamiro anenge akaita zvinhu. pasi mazuva ese ehupenyu hwako!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndichaenderera mberi ndichiwanzirwa nyasha muhupenyu hwangu apo ndirikutevedzera zvakanorwa neshoko raMwari nekutenda! Ndinobudirira nguva dzese. Hareruyah!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Jakobo 2:17-19

**VaKorose 2:9**

**Nokuti kuzara kwohuMwari kunogara maari pamuviri**

Ishe Jesu pavakauya panerino pasi, vakange varishoko rakashanduka rikava nyama. Vanodaidzwa vachinzi Mwanakomana waMwari nekuti ndiMwari akauya panerinopasi arimunhu wenyama. Pavakagara panerino pasi vakanga vakazara naMwari zvichireva kuti nesuwo tinogona kuzara naMwari mafiri. Kana Jesu akazadzwa naMwari uye akazodzwa zvakanyanya, nesuwo taka tumwa naMwari tinogona kuzodzwa zvakanyanya sezvo iyvo Ishe Jesu vachiti, "sekutumwa kwandakaitwa naBaba, ini ndinokutumaiwo" (Johani 20:21).

Vhesi redu ranhsi ririkuti Jesu akange aine kuzara kwaMwari vatatu mumwe pamuviri wake, uye isu sezvo tirivadyi venhaka pamwe chete naye, zvinoreva kuti Mwari vatatu mumwe vanogara mukati medu pamiviri yeduwo, sezvazvakange zvakaite pana Ishe Jesu. Hareruyah. Urikuona here kuti uri ani? Wakazodzwa zvisina magumo. Hapana bhasi chaunganzi haukwanise kuita. Unotogona kuita chero ripi basa raunenge wapihwa.

Pemberera nekuti unekuzara kwaMwari mauri! Semunhu akasiyaniswa nevamwe, musanangurwa, wavekupinda pakupemberera kupera kw-evhiki! Ropafadzwa!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinekuzara kwaMwari mukati mangu. Handikundikane, handikanganiswe zvandiriuye ndakazodzwa zvisina magumo. Chero chipi ngachiuve, ndakatochikunda kare!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Johani 14:12



**Ruka 1:38**

**Ipapo Mariya akati tarira ndiri mushandiri washe ndiitirwe hangu sezvamataura. Mutumwa akabva kwaari.**

Mariya akaratidza mwoyo wekutenda paakashanyirwa nengirozi iyo yakamuudza kuti aisobereka mudzikinuri Jesu Kristu! Haana kuswera achikakavadzana nengirozi asi akangoti, “ngandiitirwe sezvamataura.” Akabvuma mashoko akange abva kungirozi akatenda akataura mashoko achibvumirana nemutumwa. Kana ukapihwa shoko raMwari, rinouya riine simba rekuzadzikisa zvarinenge rataura mauri. Kana vakati kupfuma ndekwako, mashoko iwayo anenge aine simba, zvaunofanira kuita chete kupindura nemashoko anowirirana nezvinenge zvataurwa.

Shoko raMwari hariuye risna chari nacho. Unofanirwa kuritambira nekutenda, wopindura zvinoenderana neshoko; ukadaro zvinoshanda. Saka kutenda kwako kushoko rinenge rataurwa pamusoro pako ndiko kunoitakuti rishande muhupenyu hwako. Mwari havana kutumira shoko ravo kuti tdzidze chete kwete; Vakatiipa shoko ravo kuti tibvumirane naro. Zvakafanana nemutambo webhora retennis; unokanda bhora iri munhu anenge akatarisana newe oridzosea kwauri Mwari vatumira shoko ravo. Ridzosea kwavarai kuburikidza nekutaura kwekutenda. Zvichashandura hupenyu hwako kusvikira narinhi!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndirikurarama hupenyu hwangu ndiine mariyakawanda nehutano hwakanaka, uye ndichikunda munzvimbo dzese dzehupenyu hwangu. Ndakaropafadzwa zvakanyanyisisa. Maita henyu Ishe Jesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

Marko 11:23



### 1 Johani 4:7-8

**Vadikanwa ngatidananei nokuti rudo rwunobva kunaMwari mumwe no-mumwe unoda wakaberekwa naMwari anoziva Mwari.**

Mazuva ano vanhu havachaziva chinhu chinonzi rudo rwechokwadi. Nzwisisa kuti kuratidza rudo kumunhu hazvireve kuti unechaunofanirwakuti uwane kubva kwaari. Rudo rwunechekuita nerudo rwako kuna Mwari, uye nekuda kwako kuita kuda kwavo. Saka kunyangwe zvisingakodzere uye munhu asingadike, unofanirwa kumuratidza rudo zvakangodaro. Unotarisirwa zvakare kuda vese vanokuvenga.

Humboo hwekuti unoda Mwari unohuratidza kuburikidza nekuratidza kwako rudo nguva dzese. Vhesi ranhasi rirukuti

kana usingaratidze rudo, hauzive Mwari. Haugone kuzviti urimuKristu. Kana usingade kuda vanhu iwe uine chinzvimbo chepamusoro mukereke mako, hausiwaMwari nekuti Mwari rudo. Nyatsoongorora munzvimbo yangere panguva ino yekupemberera kupera kwegore ubatsire vanhu varimunharaunda mako. Batsira mumwe munhu hupenyu hwake huve nani. Ndizvo zvawakadaidzirwa kuti uite naMwari. Fonera mumwe munhu uchitaura naye uchimuratidza rudo. Tsvaga mikana inoita kuti uratidze rudo rwaMwari nhasi.

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndinoshandiswa naMwari kuratidza rudo rwavo kuvanhu. Zvinofadza zvikuru kuratidza rudo rwaMwari kuvanhu vakawanda. Vanhu vakawanda vachaziva Mwari kuburikidza neni nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaEfesu 5:2

**VaKorose 2:9**

**Nokuti kuzara kwohuMwari kunogara paari pamuviri.**

Kisimusi inguva yekucherechedza huvepohwaKristu mauri. Nhasi nyika yese irikupemberera kuberekwa kwalshe Jesu Kristu, asi zvinosuvisa kuti vazhinji havazive zvinoreva zuva iri pamweya. Chirongwa chaMwari pama Kristu ndechekuti Kristu ararame matiri uye ashande matiri. Kana Kristu asingarame mauri zvese hazvina maturo. Paunotambira Jesu mukati mako unobva watanga kurarama hupenyu hwake. Chinoita chokwadi mauri.

Zvese zvakavingwa naJesu pane rino pasi zvakange zviine chinangwa chekuti munhu ave tebhanekeri yaMwari, maanogara. Ndicho chirongwa

chakange china Mwari nguva yese iyi. Uye chakabudirira kuburikidza nekuberekwa, kufa nekumuka kwaJesu kubva kuvakafa. Pemberera nhasi, kuzadzikiswa kwehuvapo hwaMwari vatatumumwe hwakaitika, uye vagere mukati mako. Mbirikunashe! Ichi ndicho chikonzero chakaita kuti Jesu auye, kuti uve mumwechete naMwari—uve mukundi kudari-ka vakundi! Gara uchiziva izvi apo urikupemberera Kisimusi uye ugoverane chipo ichi nekutendeutsa umwe munhu nhasi.

Ndinokushvirayi Kisimusi Yakanaka!

## CHIPOROFITA CHEKUTAURA

**Ndiri tebhanekeri yaMwari pachavo. Ndakatakura zvakakosha mandiri. Pandiri kuparidzira nhau idzi nhasi, hupenyu hwevamwe vanhu hurikuzoshanduka nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinde 6:16

**2 VaKorinde 5:17**

**Saka kana munhu arimunaKristu wava-chisikwa chitsva zvinhu zvakare zvapfuura, tarirai, zvose zvava zvitsva.**

Ndinogara ndichiti zvaunofunga pamusoro pako ndizvo zvinokonzeresa kana kuganhura minana inoitika muhupenyu hwako. MaKristu anozvitarisa machioni oni, uye chavanongoona munhu akatadza. Kana uchizvitarisa uchizviona semutadzi nguva dzese unoitika kuti vhesi ranhasi rishaye zvarinoreva. Usazvitarise semutadzi arikuyedza kufadza Mwari, zvinoita kuti utadze kubudirira parwendo rwako semuKristu. Gara uchiziva kuti wakaruramiswa naMwari kuburikidza naKristu ari mauri.

Unoona hupenyu nehunhu hwaKristu mauri zvinokupa simba pamusoro pez-

vivi. Munhu wako mutsva uyu akagadzirwa nenzira inoitika kuti abvume nekutevera zvinodiwa neshoko raMwari saka anoita zviwereko zvakururama. Takagezwa tikapesaniswa nezvivi zvataiva nazvo, tikaita hochokoche munaMwari, zvinova ndizvo zvinotiita vakarurama nezita raJesu uye kuburikidza neMweya waMwari!

Pauchazvitarisa zvakare pachioni oni, chiona munhumutsva wawave, worarama hupenyu hwako uchitevedzera zvinodiwa naMwari. Munhu wako wakare akafa pawakapa zvese kuna Mwari. Wedzera kuverenga bhaibheri, ndiro rinoratidza munhu mutsva wawave. Shoko raMwari kana rave mauri, rinoratidza kubwinya kwako muna Kristu.

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Hapana chero chehupenyu hwandakange ndiinahwo kare chichirimo mandiri. Ndiri chiyedza munyika ine rima, ndichashanda zvakasimba zvichaita kuti vanhu vakawanda vatendeuke, vauye kuhushe hwaMwari!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

VaEfesu 4:22-24

**Johani 16:23-24**

Nezuva iro hamuzondibvunza chinhu. Zvirokwazvo zvirokwazvo ndinoti kwamuri Zvose zvamuchakumbira kuna Baba vachakupai izvo muzita rangu. Kusvikira zvino hamuna kukumbira chinhu muzita rangu, kumbirai muchapihwa mufaro wenyu uzadzike.

Saka ndipo pane nyaya yacho apa. Mwari havatikumbire kuti tinamatire chinhu chavanga vasina kuronga ivo kuti vatipe. Varikutiudza kuti tinamate nekuti vane hurongwa hwekupindura munyengetro wacho. Vanhu vakawanda havasi kuziva chinhu ichi, saka vanopedzisira vaora mwoyo, kana zvichiita sekunge minyengetero yavo haisikupindura. Dai vaiziva kuti Mwari anofarira kupindura minyengetero. Anofarira kuona uchibudirira pane

chese chaunenge uchiita muhupenyu. Pamusoro pazvo zvese vanoda kuti mufaro wako uzadzike. Hareruyah!

Kunyengetera ndiyo nzira inoita kuti mamiriro ezvinhu ahanduke munyika. MaProfita akarae ainyengetera, maApostora ainyengetera zvakare uye Ishe Jesu pachavo vainyengetera vakati dzidzisa kuti ti nyengetere. Patavekusvika pakupera kwegore, ngatiite zvese zvatinokwanisa kuti tiwedzere nguva yekunyengetera. Ndiyo nzira yaMwari yekuwadzana nayo nesu. Saka kana usinganyengetere hauna hukama naMwari. Tiri zvisikwa zvekunyengetera, ndiwo musimboti wehupenyu hwedu!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndinorarama hupenyu hwekukunda, uye ndichiwana mhinduro dzinoshamisa kuminyengetero yangu nekuti ndiri chisikwa chekunyengetera. Mbiri!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Johani 16:23-24

**Isaya 45:8**

**Iwe denga rose donhedza zvichibva kumusoro makore ngaadurure kururama nyika ngaizaruke kufi ibuditse ruponeso tibereke kururama pamwe chete ini Jehovha ndakazvisika.**

Pfungwa yekuti matenga anogara akazaruka inonetsa kuti maKristu akawanda ayinzwise. MuProfita Isaya akazviona akati, “makore ngaadurure,” ipapo ipapo vakabva vaona kubatana kwenyika nedenga, zvichivhurika pamwe chete kuunza dzikinuro.

Semwana waMwari matenga anogara akavhurika. Haadi kuvhurwa zvakare. Uye hapana chikonzero chekuti avhurwe zvakare. Zvinhu zvese zviripanzvimbo uye dzikinuro yawakawana kubva

kuna Mwari iri kuita zvibereko mubhizimusi rako, mukugarisana kwako nevamwe mukushamwaridzana kwako naMwari, mubasa rako nepane chese chaunobata.

Mashoko emuProfita aripamusoro abo akapinza. Arikuti DONHEDZA zvichiratidza kudonhedzwa kungaitwe huchi, uye zvinoreva kudonhedzwa kwemakomborero nguva dzese panzvimbo imwe chete. Yakwana zvino nguva yekuti iwe UCHIDONHERWA NEKUGONESWA KUITA zvibereko nezita raJesu!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Matenga anogara akazaruka kwandiri! Ndichagara ndichiona ropafadzo pamusoro peropafadzo zvichidururwa pandiri sehu-chi, kutanga iye zvino ndichipinda mugore idzva!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Isaya 44:3



### 2 Makoronike 20:17

Imi hamungafaniri zvenyu kurwapo, zvigadzireipo murambe mumire henyu muone kurwirwa kwenyu naJehovha, imi vaJudha neveJerusarema musatya kana kuvhundutswa, budai mangwana munorwa navo nokuti Jehovha anemi.

Urikuona here kuti Mwari vakaudza vanhu vavo kuti vanangane nehondo yakange yakavatarisa? Vakadaro nekuti vaiva nechokwadi chekuti vanhu vavo vaizokunda hondo iyi. Ukanzvera vhesi iri unoona kuti Mwari vakavarongerera kuti vaizokunda sei muhondo iyi, kuburikidza nekuisa kwavakaita vaimbi vairumbidza Mwari varipamberi pemaoto. Hakuna kana bakatwa rakashandiswa pahondo iyi asi vakakunda zvinemutsindo.

Matambudziko aunasangana nawo semuKristu unoagadzirisa sei? Unohwanda here uchingonamata kuti usafe kana kuti unomira nehushingi uchiimba nziyo dzekurumbidza Mwari uchitaura kukunda kwako? Sarudzo ndeyako. Wakapihwa shoko raMwari iro rinopa hupenyu, izvo zvinoita kuti usakundwe nechero chipi chinhu. Hazvina mutsauko kuti idambudziko rakaita sei rinenge rakuwira nhasi iwe rigamuchire nemwoyo uzere nerumbidzo. Rumbidza Mwari umupe kutenda. Matambudziko ese unenge watoapedza kana ukadaro.

Rangarira kuti takaverenga bhaibheri kubva kuna Genesis kusvikira kune Zvakazarurwa. Mhedzisiro yazvo ndeyekuti tinokunda! Kukunda nekukunda chete vakoma vangu nehandzvadzi dzangu!

## CHIPOROFITA CHEKUTARA

**Mbiri ngaiende kuna Mwari!Hondo yandinasangana nayo nhasi yakakundwa ndisati ndaberekwa! Ndirikuporofita kukunda kwega kwega mazuva ese ehupenyu hwangu nezita raJesu!**

### MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 13:15

**3 Johani 1:2**

**Mudikanwa ndinoshuva pamusoro pezvinhu zvose kuti ubudirire, uve wakasimba somweya wako uchibudirira**

Wakaipa haana mazano matsva anogona kushandisa pavanhu vaMwari. Anoramba achingoita zvimwe chete zvaaiiita kare. Anowanzonyanyofarira kukanganisa hutano hwako. Okuudza kuti Mwari varikuda kuti uzvininipise ndosaka varikukurwarisa, zvinobva zvakanzera kuti kuporeswa kwako kunetse. Ayo manyepo nemano mano aSatan! Mwari vanoda kuti uve nehutano hwakanaka uye kuti ugare wakasimba, saka unofanirwa kubvumirana nazvo worarama hupenyu hwako urimutano.

Usamirire kuti uwane mashoko akaipa kubva kuna chiremba usati watanga

kuverenga nekufunga pamusoro pemagwaro anotaura pamusoro pekuwana kwako hutano hwakanaka Rangarira kuti shoko raMwari mushonga. Saka unofanirwa kutora mushonga uyu zuva rega rega uye mweya wako ugare uchibudirira. Usafunge kuti zvimwe zvirwere hazvina basa. Hakuna zvakadaro! Usabvume nyaya yekurwara zvimwe zvirwere uchiti vamwe vanhu vanomborwarawo nazvo. Ishe Jesu vakatbvisa hurwere nematenda kubva kwauri vakaunza hutano hwedenga kwauri. Uku ndiko kuda kwaMwari pamusoro pezvese zvanokushuvira! Saka ikodzero yako kuti uve nehutano hwakanaka. Usapinde mugoredva uine chirwere mumuviri wako!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndine hutano hwakanaka. Ndinosisimbiswa naMweya Mutsvene ari mandiri. Hutano hwakanaka ikodzero yangu, hareruya!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

Zvirevo 4:20-22



**1 Madzimambo 3:5**

**Jehovha akazviratidza kuna Soromoni paGibhiyoni nokurota usiku Mwari akati kumbira chaunoda kuti ndikupe.**

Wakambonzwa here mufaro wekupihwa cheki yekubhanga inenge isina kunyorwa mari yaunofanira kunotoro yaunonzi enda unotoro mari yawada? Ini ndakamboziita zvekupihwa cheki yakadaro. Pandakaenda kuchikoro ku bhondingi taiita mari yekutumidzirwa. Zvainakidza kuwana mari yekutumidzirwa neposvo asi waiziva huwandu hwayo.

Mumwe musu mukoma wangu akauya kuzondishanyira akandisiyira kadhi rake rekubhanga. Ndakamubvunza kuti ndotoro mariyi, akanditi yawada. Izvo zvakaita kuti ndione kuti mari yandaitutumidzirwa yainge isina kuwanda seyekutorayandada.

Mwari vanokupa cheki isina kunyorwa chinhu, inodarika khadhi rekubhanga. Vakati kumbira chero chawada ndinokupa; pasina muganhu. Shoko raMwari mumukanwa mako icheki isina kunyorwa inenge yabva kuna Mwari. Nhasi zvariri zuva rekupedzisira regore, chaunofanirwa kuti uite kunyora zita rako nechikumbiro chako kuna Mwari chezvese zvaunoda, unona gore rinouya zvinhu zvichikurerukira.

Pamwe iwe urikuda chete kushandiswa naMwari. Kurarama kwawaita kuti uone rimwe gore zvinoratidza kuti Mwari vane chinangwa nehupenyu hwaako mugoredzva. Kumbira chero chipi chinhu kubva kuna Mwari. Asi ndirikuda kumbokuyambira usati wanyora chikumbiro chako kuna Mwari. Zvaurikuda kubva kwavari ngazvive nechekuita naMwari. Ndinokushuvira goredzva rakanaka!

**CHIPOROFITA CHEKUTAURA**

**Ndirikunyora cheki yangundichiisa mikumbiro yezvakawanda zvandinogona kuwana kubva kuna Mwari. Gore ra2024 richange rakandinakira nezita raJesu!**

**MAVHESI EKUVERENGA**

1 Madzimambo 3:5-12 Mapisarema 45:1

# MAGWARO EVHANGERI EKUDZIVIRIRA

## ISAYA 54.

NDICHASIMBISWA MUKURURAMA  
NDICHAVA KURE NEKUMANIKIDZWA  
HANDINGATYI UYE NDIRIKURE  
NEZVINOTYISA

PAKAITA ANONDIRWISA,  
HANDITOMBOFUNGA KUTI VATUMWA  
NAMWARI, UYE KANA VAKANDIRWISA  
NDINOKUNDA

MWARI AKASIKA MUPFUURI  
ANOPFUTIDZA MAZIMBE MUMOTO  
NOKUITA NHUMBI YEBASA RAKE  
NDIYE AKASIKA MUPARADZI KUTI  
APARADZE

HAKUNA NHUMBI YOKURWA  
INOPFURWA KUZORWA NENI,  
ANONDIPAOMERA MHOSVA ACHANZI  
MUNYEPI. NDIRIMURANDA WAMWARI  
UYE MWARI VANOITA KUTI ZVINHU  
ZVESE ZVINDISHANDIRE  
MUNEZVAKANAKA

NDIZVO ZVINOTAURWA NAMWARI KWANDIRI  
UYE HAZVIRAMBE KUBUDIRIRA NEZITA RAJESU!

TRANSLATED FROM THE MESSAGE BIBLE IN ENGLISH



## **WAKATAMBIRA JESU KRISTU SATENZI?**

CONVIDAMOS VOCÊ A FAZER JESUS CRISTO  
O SENHOR DA SUA VIDA FAZENDO ESTA ORAÇÃO;

“Ó SENHOR DEUS, VENHO A TI EM NOME DE JESUS CRISTO. CREIO DE TODO O MEU CORAÇÃO EM JESUS CRISTO, FILHO DO DEUS VIVO. CREIO QUE ELE MORREU POR MIM E DEUS O RESSUSCITOU DOS MORTOS. CREIO QUE ELE ESTA VIVO HOJE CONFESSO COM A BOCA QUE JESUS CRISTO É O SENHOR DA MINHA VIDA A PARTIR DE HOJE. POR ELE E EM SEU NOME, TENHO A VIDA ETERNA, SOU NASCIDO DE NOVO. OBRIGADO SENHOR POR SALVAR A MINHA ALMA! AGORA EU SOU UM FILHO DE DEUS. ALELUIA!”

PARABENS! AGORA VOCE É UM FILHO DE DEUS.

---

TO RECEIVE MORE INFORMATION ON HOW YOU CAN GROW AS  
A CHRISTIAN PLEASE GET IN TOUCH WITH US ON:

UK: +44 3333 448 612

USA +1 240 781 6942

RSA +27 51 004 0209



Become a

# GoodNews

DAILY

PARTNER

PARTNER NOW AND HELP SPREAD  
THE **GOODNEWS** AROUND THE WORLD

VISIT [www.goodnewsworld.com/gndpartner](http://www.goodnewsworld.com/gndpartner)



**The Good News World Helplines**

**USA: +1 (240) 781-6942**

**UK: +44 333 344 8612**

**RSA: +27 (51) 004-0209**

[www.goodnewsworld.com](http://www.goodnewsworld.com)